

# *ANSEYMAN SOU MOYIZ*

 Trè byen. Bondye beni w, Frè Neville. Bonjou, zanmi. M oblige ap gade de tanzantan pou m konnen si se maten oubyen aswè. Ebyen, mwen kontan isi a maten an. Li fè cho, e se sèten ou konn akèyi ak anbyans. Nou pa gen prentan ankò; nou gen ete ak sezon fredi isit la, pa vre? Tout bagay sanble, on jan tèt anba.

<sup>2</sup> Ebyen, sa k te fè m an reta, mwen—mwen t ap fè mennaj kay. Epi kò m te vin rèd ak doulè maten an. E m te leve ase bone, men m pa t reyalize yon fanm te gen sitèlman travay pou l fè, yo dwe pare twa timoun epi apresa ale lekòl di Dimanch. O, la la! Anpil bagay pou fè, plis pase sa m te panse te gen pou fè. E m te panse: “Ebyen, bon . . .” M t ap travay yè swa, epi—epi m—m kite chan evanjelizasyon an . . . ? . . . O la la, èske jwenn yon moun pou travay pa vin yon bagay difisil? Hm! M te ofri trann—senk dola pa semèn pou yon moun gade bebe a, e pèsom pa t vle fè l.

<sup>3</sup> Yon kanmarad te ekri yon atik nan jounal la isit la sa pa fè lontan. Natirèlman, sa pa gen rapò a sa a. Li di ke li te isit la, yon sòt de politisyen la a nan Kentucky, li di ke l te rantre nan lame de fwa, ke li te blese twa fwa, kòm yon ewo, li te viv tankou yon sitwayen nan katye a, li te fè anpil bagay, sove lavi de timoun, youn de yon kouran dlo e youn de yon lòt bagay, m pa sonje tout sa l te fè. E finalman li te panse, ebyen, yo dwe kenbe lòd nan katye a, li ta poze kandidati. Epi lè l te fè sa, sou san mil moun, li te jwenn senk vòt. Li te mande cherif la si l te ka gen yon fizi twonse pou ede l kite katye a, li di: “Se te yon danje pou te menm viv arebò vil la.” Li pa t gen ase zanmi pou ede l kite vil la. Sa se montre rekonesans pou Ameriken, on fason, pa vre? Se vre. An Amerik, plis ou fè, plis y ap atann pou w fè. Se vre, yo ap atann plis de ou.

<sup>4</sup> Ebyen, m vle felisite nou maten an pou jan legliz la paret pwòp e bél. Epi pandan m t ap rive, yo te louvri yon pòt la pou pèmèt on pi bon sikilasyon. Kidonk se vrèman byen, pe empòt kimoun ki fè pati de konsèy administrasyon isit la epi ki te ede fè sa a. Se sèten sa te vrèman byen, epi se yon travay byen pwòp. M panse ke se Frè Hall, si m pa twonpe m, ki fè li. Sa se yon trè bél travay.

<sup>5</sup> Kounye a, li yon ti jan ta, men nou konn kijan moun sentete yo ye. Ou wè, pa gen lè presi, pa vre, Frè Slaughter, Frè Deitsman? [Frè yo ak lòt yo di: “Non.”—Editè a.] Nou jis pran tout bagay jan yo vini.

<sup>6</sup> M te gen bél reyinyon anba nan Sid! Men sa fè kèk jou sèlman ke m te ka pale. M te preche pandan kat mwa, san rete, e m pat gen ase vwa menm pou—menm pou pale ba. M te jis oblige on jan

ap fè jès bay madanm mwen, nou konnen, pou ap di sa m te vle, e se tankou yon . . . Epi apresa, m te tounen isit la kote k te gen on tan on ti jan ipokrit nou te genyen, (enben, fè frèt on jou epi fè cho le landmen), m te atrape yon vrè, reyèl vye grip. E m te leve, kèk jou de sa, pou m te rekòmanse ankò. E kidonk nou gen rekonesans a bon Seyè a, malgretou, pou tout bonte ak mizerikòd Li annega nou, ak—ak fason Li te bon. Nou te gen bèl reyinyon anba la, e Seyè a te beni nou anpil anpil, an abondans.

<sup>7</sup> E yè swa, vè minwi, Frè Wood te rele m pou m te desann al lakay li, epitous Frè Arganbright nan telefòn, te vle pou m kòmanse an Swis. Kidonk, se twòp pou yon vye grammoun.

<sup>8</sup> Alò, kounye a, pwochen reyinyon nou ap kòmanse le onz mwa pwochen sa a, nan Cadle Tabènak ki Indianapolis. Nan—nan Cadle Tabènak la ki Indianapolis, apati de onz jisko kenz. E apresa, apati de la, jouk rive—rive Minnea—. . . Minneapolis; apati de Indianapolis jouk rive Minneapolis, ak Òm Dafè Kretyen yo.

<sup>9</sup> Bon m kwè Frè Neville te rele m, e m te gen anvi montre . . . eksprime rekonesans mwen a limenm epi a trio Neville la ki te desann vin chante pou mwen nan antèman sa a, ke m te genyen avan yè a. M te mande Frè Neville; fanmi Liddick la, pa t gen okenn chantè; lè Mesye Liddick te rantre Lakay nan Laglwa. E sètènman mwen . . . si ptit gason li, m pa wè l isit la; e m te dekouvri pita ke se te yon ptit adoptif. Konsyan ke papa l t ap mouri, pa sove, li te kouri lakay vin chache m, anvan ke l . . . e papa l te sove anvan l mouri. Kidonk pi bèl bagay jenn gason sa te janm fè, se te vin chache yon moun pou priye pou papa l anvan l ale. Epi trio Neville la te desann pou chante vrèman byen pou yo.

<sup>10</sup> E konsa Frè Neville te mande m si m te ka pale maten an epi aswè a, tou. Kifè nou remake, Ekriti a di: “Mande an abondans pou nou . . .” Konsa Frè Neville sètènman fidèl a Ekriti a sou kesyon sa yo, anpil! Kifè m ap fè posib mwen.

<sup>11</sup> Kounye a, m te di maten an, poutèt se Fèt dè Mè, epi nou vle pale avèk—avèk timoun piti yo. M te panse ke maten an t ap on bon moman pou—pou timoun piti yo. Bon m panse ke jou pou manman yo . . .

<sup>12</sup> Bon, pa gen anyen ki pi dous sou tè a, ke nou konnen, pase yon vrè, manman tout bon. Ke Bondye beni nanm vanyan li, yon vrè, manman reyèl. Men nou sitèlman gen fotokopi jodi a ke—ke nou rele “manman,” sa pa manman; yo jis se fanm ki fè ptit, men pa manman. On manman a lansyèn mòd se youn ki pran swen fanmi l, ki pa soti al nan ba salon ak dans sa yo, tout lannwit, ap fimen, ap bwè, epi antre lakay. Li pa merite non sakre manman sa. Li jis yon fanm, se tou, k ap leve timoun; men se pa yon manman, paske *manman* gen yon siyifikasyon diferan. Bon mwen—mwen panse ke si ou . . .

<sup>13</sup> Kounye a, pou Fèt dè Mè a, mwen vle eksprime m kòrèkteman. M gen yon vye manman tèt blanch ki chita la, pou tèt pa m. E m panse ke, yon jounen, se byen; men chak jou ta dwe fètdèmè, pa jis on fwa pa ane. E rezon ki fè bagay Fèt dè Mè sa yo ap dewoule kounye a . . .

<sup>14</sup> E m wè nou jis on ti ponyen moun, e nou tout konn youn lòt. Nou se moun kay, e se poutèt rezon sa ke nou pral pale fason sa.

<sup>15</sup> M panse ke yo ta dwe respekte yon manman chak jou menm jan an, se vre, on manman tout bon. E, men jou sa a ke yo rele Fèt dè Mè a, se pa anyen lòt ke yon gwo tenten komèsyal, se jis pou pran kòb moun. E se yon wont pou manman, pou Fèt dè Mè, se yon fwa pa ane: "Ebyen, nou pa pral wè l, men nou pral voye on ti boukè flè pou li e sa ap regle kesyon an." Sa se pa manman! O, gras lamizèrikòd! On vrè manman se yon dam ke ou . . . se youn ki te elve w, epi ou renmen l, e w al wè l e ou pale avè l tout tan. Ou eksprime lanmou w pou li tout tan, pa jis yon jou nan ane a.

<sup>16</sup> Men jis anvan m kòmanse ti pyès teyat mwen an, m ta jis renmen eksprime sa a, epi renouvre . . . Kèk nan nou, anpil nan nou mouri, anpil nan yo te pati depi sa a te fèt. Se te an 1933.

<sup>17</sup> Èske nou te wè nan jounal kèk nwit pase kote fanm sa te touye nonm sa? li te ranvèse l nan pakin li epi li te jis fè bak sou li ale vini ak machin li jouk li te plati l nèt sou wout la. Epi yo di, avoka yo—yo elatriye, te di: "Èske sa pa kondane konsyans ou?"

Li te reponn: "Bondye avè m nou bouke jan yo trete medam yo." Hmm! Ya, manzè se yon idòl. Se vre. "Nou bouke." Jis kibò nasyon sa a ka tonbe? Jis kibò nou ka ale san jijman Bondye, m ap mande m? "Bondye avè m"? Si Bondye te koupab de tout istwa san sans ke yo mete sou do L, Li patap Bondye, se tou. "Bondye avè m"? O la la! Bondye pa gen anyen pou wè ak sa. M ap mande m lè l va nan touman, kijan l ap panse lè sa a? O!

<sup>18</sup> Amerik! Kounye a sonje, si nou pat pran nòt, make l. Sa a se prediksyon pa m. Ou wè? An 1933, lè nou te konn gen sèvis anba la kote ansyen, m kwè ke se kote Legliz Kris la ye kounye a, se te yon ansyen . . . Se jis la a, Frè Neville, ou jis desann tou dwat. Charlie Kern te konn viv la. Kisa l ye . . . Kay pou òfelen an la sou Avni Meigs. An 1933, m te fèk gen yon Ford 1933, e m te dedye l bay Seyè a maten sa. Epi, anvan m te kite kay la, m te fè yon vizyon. M te note l, sou yon vye papye jòni ki toujou nan yon Bib. M te wè fen tan an k ap vini.

<sup>19</sup> E, nou menm, konbyen moun ki ka sonje a kisa yon machin ane 33 te sanble? O, li te on jan fèt *konsa*, ak dèyè a leve, epi koupe desann pou kenbe kawotchou de rechanj lan. M te wè yon vizyon, kote, "Anvan Vini Seyè a, machin yo pral gen fòm tankou ze." Konbyen moun ki sonje prediksyon sa? Èske gen moun konsa la ki rete toujou? Frè Seward ale. E mwen kwè . . . Se te an 1933 lè nou te konn gen sèvis bò isit la. M kwè senpleman ke yo tout prèske al fè wout yo kounye a, depi lè sa.

<sup>20</sup> E m te predi ke: "Etazini, premye bondye yo se t ap fanm yo." Se sa l ye. Tout bagay ap modle sou Hollywood. M gen dè bagay apati de dosye FBI ki taka choke nou nèt si—si m ta jis di nou yo, dirèk kote . . . Epi eskandal sou vedèt sinema sa yo, pa menm gen youn nan yo, apèn youn, ki pa pwostitye. E FBI te revele sa jis dènyèman. M te pran l apati de pwòp dosye yo. E konsa tout sa yo k ap viv deyò a, menm vedèt sinema sa yo, kote li te pwouve, yo te antre epi arete yo, ap viv ak gason, pou vennsenk a senkant dola pa nwit, pa gason, k ap monte desann, nan Hollywood ak tout kote, te gen kay prive ak gason pa dèyè la kote yo t ap voye yo bay moun sa yo. E se sou sa n ap kopye, nan televizyon, epi—epi la sou ekran ak bagay sa yo, epi kite timoun nou yo ap rele sa yon idòl. E apresa ap rele sa *manman*? Sa byen lwen pou l ta yon manman. Sa se salte. Se egzakteman sa. E poutan se yo ki bay jounen sa ton li. Nou pèmèt yo . . . ak jan de rad y ap pote, gade fanm Ameriken yo abiye menm jan avè yo, ak tout bagay konsa. Se sèten. Pou Ameriken bondye yo se fanm. Se pa Jewova; yo detounen yo de Sa. M pap pale de *manman* kounye a, mete sa de kote pou kounye a, se de yon bagay sakre nou pral pale; men la m ap pale de *fanm*.

<sup>21</sup> E, sonje, mwen predi ke anvan gwo aneyantisman total la, sou sa mwen pa di ke se Seyè a ki di m sa, men mwen kwè ke pral gen yon bagay k ap rive ant kounye a e 77. Li ka rive nan moman sa a. Men se ant kounye a e 77, m predi swa yon gwo destriksyon osinon yon aneyantisman total de tout tè a, ant kounye a e 77.

<sup>22</sup> Mwen te predi l, an 1933, mwen te predi ke fanm yo t ap kontinye pèdi moral e nasyon an t ap kontinye deteryore, e yo t ap kontinye panche sou manman, oswa tankou manman fason sa, jiskaske yo vin, yon fanm vin tounen yon idòl. E apre yon ti tan: "Etazini ta pral dirije pa yon fanm." Make l epi wè si se pa vre. Yon fanm pral pran plas yon Prezidan oswa yon bagay konsa, yon gwo, kèk gwo pouvwa nan Etazini.

<sup>23</sup> Bon, m ap di sa ak respè, medam, lè yon fanm soti kite kwizin li, li soti nan plas li. Se vre. Se la plas li ye. Andeyò de sa, li pa gen ankenn plas. Epi la, se pa ke mwen di avèk yo, men m jis ap di sa ki Verite a epi sa Bib la . . . Te gen yon épòk se nomm lan ki te chèf kay la, men sa se te nan tan Labib. Li pa sa ankò. Li se yon maryonèt, oswa li se yon . . . oubyen li se gadò timoun ou bagay konsa. E kounye a, non, yo vle okipe yo de chen, kontwole zafè fè timoun, epi ap pwonmennen ak yon vye chen nan bra w tout tan, pou w ka ap flannen tout lannwit.

<sup>24</sup> Mwen—mwen pap pale de manman yo. Ke Bondye beni yo. Sa ki kenbe nasyon an ansannm kounye a, a mwatye, se yon veritab manman Bondye sove, ki bon, ki pi. Se vre.

<sup>25</sup> Men se yon wont jan fanm nou yo degrade! M gen yon pati ki sot nan jounal, ke m te dekoupe sou dènye Gè Mondyal sa, dezyèm lan, ki t ap mande: "Ki kote moral fanm Amerikèn yo te

ale, paske, apre sis mwa a letranje, kat sòlda sou senk te jwenn divòs madanm yo, ki te marye ak lòt gason?" E yo patka menm tann yo retounen sot a letranje, sòlda laba ki t ap mouri sou chan batay la! Moun ki fè sa pa merite ke yo rele l manman, non sakre sa. Non, li pa merite l. Bon yo te toujou rele m "moun ki rayi fanm," men mwen pa sa. M panse ke yon fanm se yon bagay mèveye, e espesyalman, yon manman. Men yo ta dwe nan plas yo e pa pran plas gason, epi pa pran plas Bondye.

<sup>26</sup> Maten an m t ap tandem yon legliz sentete ki t ap di: "Yon manman ap dirije zetwal ki nan Syèl la," ak tou sa. M ka imajine Katolik yo k ap fè sa sou lavyèj Mari, e answit konsa, ki se, adorasyon fanm sa yo ki déjà mouri, tankou Sent Sesil ak tout bagay konsa, ki se fòm pi elve nan zafè espiritis. Se tou sa sa ye. Tout sa k ap entèse ak mò se espiritis. Kidonk, gen yon sèl Entèsesè ant Bondye e lòm, se Jezi ki se Kris la. Se vre. Okenn lòt sen, anyen apa Seyè Jezikri a se sèl Sila Ki Entèsesè ant Bondye e lòm. Men lè m wè legliz yo, menm dèyè chè a, pran tout karaktè sakre Kris la pou bay li a manman, retire tout karaktè sakre a, epi—epi yo kòmanse kifè men ou.

<sup>27</sup> Konsa, genyen yon vrè manman ki rete. Louwanj pou Bondye! Se jis tankou lè w wè yon ipokrit; gen yon vrè Kretyen k ap viv vi a tout bon. Kote w jwenn pou, ou jwenn kont. Se egzakteman sa. E kounye a, jan de manman sa ak jan de ptit sa, nou vle pale de sa kounye a nan Bib la.

<sup>28</sup> Bon m ap mande, konbyen ti gason ak ti fi nou genyen isit la maten an? Si nou te tandem emisyon Frè Neville la yé... Konbyen ti gason ak ti fi ki ta renmen vin isit la epi chita sou chèz devan yo pandan m ap pale avèk nou? Èske nou ta renmen vin isit la? Gen youn, de, twa, kat, senk chèz la; youn isit la, sa fè sis, ak kèk ti plas nan ranje la. Èske nou ta renmen vin devan, kèk nan nou timoun yo ki ka ale poukont yo san manman yo, e ki ta renmen vin isit la? Nou plis ke byenvini! Manman yo ap vini... [Frè Neville di: "Gen plis; pi fò nan yo nan klas lekòl di Dimanch la." —Ed.] O, yo nan lekòl di Dimanch. Ebyen, se byen. N ap tann kèk minit, e n ap kontinye pale, konsa y ap soti nan kèk minit. E n ap jis rasanble nou, ti je nwa yo, je mawon, epi je ble, isit la, epi—epi n ap pale ak chak nan yo. Kounye a, konbyen ki renmen Seyè a? Di: "Amèn." [Asanble a di: "Amèn!"] Trè byen.

<sup>29</sup> Kounye a m vle pale ak manman yo ak timoun yo, sa adrese a yo.

<sup>30</sup> Aswè a, si Seyè a vle, m vle pale sou premye mirak ke Jezi te akonpli, e kijan sa te fèt, e avèk ki pwisans, e kisa Li te fè lè L te fè zafè pa L... Konbyen moun ki konnen ki premye mirak Li te fè? Di l, nou tout ansanm: "Fè dlo tounen diven." Se vre, se premye mirak Li te fè. Kounye a, se si Seyè a vle. Pandan m tap etidyé, maten an, sa te jis vin nan tèt mwen.

<sup>31</sup> M wè ke nou gen bon zanmi nou, Mesye ak Madam. Yeker dèyè a la, m kwè, maten an. Sa te bay ke m te jis remake yo pandan m t ap fè tou poto a nan direksyon sa a. Lòt jou m t al pase yon egzamen medikal; m oblige mete m ajou pou egzamen medikal yo konsènan obligasyon aletranje. E, lè m te soti, kimoun m te rankontre si se pa t Mesye ak Madam. Yeker, ki te chita deyò a la nan biwo—biwo a.

<sup>32</sup> Doktè Schoen, nan Louisville, yon trè bon frè Kretyen. M ap di nou, m te vrèman rankontre yon nonm tout bon la, youn tout bon ki te kwè nan Bondye e ki te mete konfyans li la. Nou konn on bagay? M pral di nou. M jwenn plis doktè ki kwè nan gerizon Divin pase predikatè. Se vre. Ou pale avè yo. Yo di: "Sètènman." Epi lè yo... Lè m ta pral ale, li te pran men m, li te di, "Frè Branham, ou fè plis pou limanite ke m te ka janm fè." Li te di: "Se vre." Li te di: "Ou ka ede moun ke m paka menm manyen." Li te di: "Se vre."

<sup>33</sup> Mwen te reponn, "Ebyen, natirèlman, ou ka rekoud, oswa repare yon zo, oswa yon bagay konsa. Men se Bondye ki opere gerizon an."

<sup>34</sup> Li te di: "Sa kòrèk." Amèn. O, m renmen wè moun ki gen lespri l louvri, ki gen panse sansib. M ap panse a operasyon, epi a doktè, a kiwopratisyen, ostewopat, gerizon Divin, ak yo tout ansanm, si nenpòt nan sa ka ede yon moun, mwen pou sa. Men lè w pran yon doktè k ap kondane yon predikatè; predikatè k ap kondane yon doktè; epi yon ostewopat k ap kondane—kondane yon chirijyen; chirijyen an ap kondane yon doktè; nou ka imagine sa, ke gen yon motif egojis kèkpa. Se vre, paske yo chak te pwouve ke y ap ede yon moun. Se egzakteman sa.

<sup>35</sup> Kounye a bagay la sè ke, m panse, si motif nou yo dwat, epi kè nou dwat parapò a moun yo, nou tout ta dwe travay ansanm pou ede pwòchen nou, pou rann lavi a pi fasil. E lè sa motif nou yo pa egojis, n ap bay glwa pou Bondye Ki fè kado tout bagay gratis. Amèn. Wi, mesye. O, nou pa ta dwe gen anyen egojis ankenn kote; sa ta dwe pafè.

<sup>36</sup> Si kiwopratisyen an ka ede *sa a*, epi ostewopat la ede *sila a*, chirijyen an ede *sila a*, epi yon lòt bagay ede *sa*, annou priye pou tou sa, amèn, pou ke Bondye jis ede pèp ki chè pou Li a pou l byen epi kontan. Paske, nou pap gen pou rete twò lontan isit la, jis kèk jou apre nou sou wout la, pati yon lòt kote. Kidonk sa n ap eseye fè se rann lavi a jis on tijan pi fasil pou nou ka pase on pi bon moman pandan nou isit la. Amèn.

<sup>37</sup> Kounye a sou panse sa a, annou bese tèt nou anvan nou louvri Bib la, pou pale ak Sovè adorab nou an.

<sup>38</sup> Byenneme Papa nou ki nan Syèl la, nou vini sitèlman enb nan Prezans Ou maten an, e nou remèsyé W, pou Seyè Jezikri, anvan tout bagay ki te janm egziste sou tè a, oswa ki va janm egziste. Paske, Li te Sila ki te reyini lòm ak Bondye ansanm, pou

rekonsilye nou, pòv etranje endiy, enpi, byen lwen Bondye, pa—pa chwa, pa nou noumenm, nou te fè pwòp chwa nou epi nou te elwaye nou de Li. Epi se te sitèlman bon pou L te vini, pandan nou patap fè Bondye plezi, pandan nou te dè pechè, byen lwen Bondye, Li te rekonsilye nou avèk Papa a, atravè devèsman Pwòp San pa L.

<sup>39</sup> Ala remèsyé nou remèsyé W pou Li! Epi jodi a Li kanpe tankou yon Medyatè, Limenm sèl ant Bondye e lòm, Ki ka pèmèt yon priyè antre nan Prezans Bondye, atravè platfòm Pwòp San pa L ke Li te vèse depi tè a jiska Laglwa. Li vin sou tè sa a pa chemen yon etab, Li te fèt nan yon krèch. Li te kite tè a, pa yon pèn kapital. Latè pat vle L. Syèl la pat ka resevwa L, paske Li te yon pechè, akoz Li te gen peche nou sou Li. Latè pat vle L. Yo te rejete L, “Wete kò w bò kot yon Moun konsa!” Li te menm gen... pat menm gen yon kote pou l te fèt, oswa yon kote pou kadav la. E Li te pandye ant Syèl ak tè; Syèl la pat ka resevwa L, latè non plis pat vle L. E Li te mouri, kanmenm, pou sove nou de peche, pou geri maladi nou, pou ban nou lajwa epi yon sejou agreyab pandan nou isit la sou latè. Ala yon Sovè! O, ala nou remèsyé W pou Li!

<sup>40</sup> O Bondye, kite tout adorasyon kè nou devide pou Li, e pou Li sèlman. Ke tout respè ak tout adorasyon, tout bagay ki sot nan bouch nou oswa kè nou, se pou sa repoze sou Limenm ki diy de tou, Limenm ki te chita yon jou sou Twòn lan, ak Liv la nan men L. Pèsonn nan Syèl la oswa sou tè a te diy ni kapab pou menm gade Liv la, oubyen pou brize So yo Ki te sele. E Ayo sa ki te sakrifye, depi lè fondasyon tè a, te vini, te pran L nan men Li, te louvri So yo epi libere Pawòl yo—yo, bay pép la.

<sup>41</sup> Epitou, Papa, nou priye jodi a ke Sentespri Li va libere kè nou de tout tenèb, libere lang nou de tout sa ki ba, padone tout peche nou yo, epi retire tout tenèb yo, pou ap antre nan kè nou maten an.

<sup>42</sup> E espesyalman timoun piti sa yo, Bondye, beni yo pandan yo chita la maten an ak manman cheri yo. Bondye, konbyen nou remèsyé W pou wòl manman, pou vrè fanm yo! Nan mitan tout tenèb ak idolatri sa a, epi salte ak kòripsyon mond lan, nou genyen kanmenm vrè, manman otantik. Konbyen nou remèsyé W pou yo! Jèn kou granmoun, toude parèy, nou remèsyé W, Papa, pou veritab maténite. E nou priye, Bondye, ke W va beni yo.

<sup>43</sup> Lè nou wè, ki chita la maten an, anpil nan frè ak sè nou yo ki pote ti woz blanch oubyen ti flè blanch kanasyon ak flè kèlkonk, ki vle di ke byenneme manman yo ki sen te travèse depase vwal la, lòt kote a; yo pa mouri, men yo vivan pou tout tan. Yon jou yo va vini, tou, anba bò rivyè a, epi la yo va wè l ankò, lòtbò a. Anpil mete woz wouj, manman sa yo toujou la. Nou remèsyé W pou sa.

<sup>44</sup> Nou priye ke W va beni nou tout pandan n ap etidye Pawòl Ou, paske nou mande l nan Non Kris. Amèn.

<sup>45</sup> Kounye a ke Seyè a beni nou. E n ap kòmanse touswit nan Pawòl la maten an. Bon, premyèman, anvan ti istwa sa, m panse ke manman yo ak timoun piti yo . . . Yo pral pwobableman tande m, paske bagay sa a gen yon kokenn vwa. Epi m pral ban nou on ti istwa, paske m remake kounye a nan sèvis mwen yo, pafwa istwa yo ede anpil. Nou pa panse sa? Ti kanmarad yo konprann li pi byen. M ap gade kèk ti gason, je klè ki chita, k ap gade m kounye a, k ap vin dèzòm pou demen si gen yon demen.

<sup>46</sup> Kounye a, anvan nou rakonte nenpòt ki istwa, ou nenpòt lòt bagay k ap pase nan legliz, li dwe baze sou Bib la. Amèn. Li oblige repoze sou Bib la. Dabò, annou tout ale nan Matye, chapit 16 epi vèsè 25, epi nou pral li vèsè sa yo. Premyèman, pandan n ap li, pandan n ap prepare nou, petèt nan moman sa ti kanmarad yo pral libere. Kounye a Matye 16:25, nou li sa a:

*Paske, moun ki ta vle sove lavi l va pèdi li: epi moun  
ki va pèdi lavi l poutèt mwen, li va jwenn li ankò.*

<sup>47</sup> Kounye a, sa se yon Ekriti ki trè enpòtan. Annou tout li sa ansanm. Kisa nou di de sa? Tout moun, timoun piti ak nou tout, ansanm kounye a. [Frè Branham ak kongregasyon an li Ekriti ki swiv la ansanm—Editè a.]

*Paske, moun ki ta vle sove lavi l va pèdi li: epi moun  
ki va pèdi lavi l poutèt mwen, li va jwenn li ankò.*

<sup>48</sup> Nou konnen, ti gason ak tifi, e mwen konnen ke pi gran yo ap renmen sa menm jan ak timoun yo. Men, Ekriti sa a tèlman enpòtan! E gen Ekriti ki tèlman enpòtan ke Bondye mete yo nan tou lè kat Evanjil yo: Matye, Mak, Lik, epi Jan. Men, sa a te tèlman enpòtan ke Li repete l sis fwa nan Levanjil la! Sis fwa ke sa te soti nan Pwòp bouch pa L, Jezi.

<sup>49</sup> Kounye a nan Mak, n ap pran l la, nan Mak chapit 8, pou kòmanse ak vèsè 34 la, e m va li kèk la. E mwen vle nou remake la ankò, jis avèk yon ti kontinyasyon bagay sa a kote Jezi te di l. Epi sonje, Li repete l sis fwa nan Levanjil la, pou ke sa te ka sèten! Avèk de se yon temwayaj, men Li repete l twa fwa sa, ou wè, pou ke se te sèten nou t ap sonje l.

*Epi lè li—lè li te swadizan rele foul moun yo ansanm  
avèk disip li yo, li di yo konsa, Si yon moun vle mache  
dèyè m, se pou l blyie tèt li, . . . se pou l leve kwa l, epi  
swiv mwen.*

<sup>50</sup> Bon, youn nan tradiktè yo mete, “Se pou l leve kwa l epi swiv Mwen chak jou.” Bon, kounye a vèsè 35 lan. Koute:

*paske moun ki ta vle sove lavi l ap pèdi l; men moun k  
ap pèdi lavi l poutèt mwen ak levanjil la, l ap sove li.*

*Paske kisa sa ta sèvi yon moun, pou li ta genyen  
lemonn antye, si l pèdi pwòp nanm li?*

*Ou ankò, kisa yon nonm kapab bay pou nanm li?*

<sup>51</sup> Kounye a annou pran vèsè 35 sa a pou site l ansanm kounye a. Trè byen. Bon ann di l ansanm. N ap pran Mak 8:16, kounye a ann repepe l ansanm; Mak 8:16, ekskize m, Mak 8:16, 35. Non, mwen twonpe m ankò. Mak 8, eskize m. Mak, Sen Mak, chapit 8, vèsè 35. Bon ann eseye l. Sen Mak, chapit 8, vèsè 35. Bon nou jwenn li. Ann li l. [Frè Branham ak kongregasyon an ap li ansanm Ekriti sa k ap swiv la—Editè a.]

*Paske moun ki ta vle sove lavi l va pèdi li; Men moun ki va pèdi lavi l poutèt mwen ak bòn nouvèl la, . . . li va sove li.*

<sup>52</sup> Èske sa pa mèveye? Bon, n ap kòmanse touswit ak ti istwa nou an, e kòm timoun yo ap vini yo va pran plas yo. Moun k ap plase moun yo ap veye yo pandan y ap vini, an silans. . . eseye wè si nou ka mennen yo isit la, pandan n ap rakonte istwa nou an. N ap baze sa a, maten an, sou yon sèn. Epi mwen menm, byen souvan, isit la sa fè kèk jou pase mwen . . .

<sup>53</sup> Frè ak Sè Wood te avè m, mwen kwè, laba nan dènye reyinyon an, E m t ap pale nan Dejene Òm Dafè Kretyen yo. E m te rakonte on ti sèn Zache nan . . . anlè a, nan pye sikomò a, e, lè Jezi te vini, epi kijan li te pran yon bwat poubèl, nou konnen (epi mwen te prezante l), fason li te grenpe yon pye bwa, pou wè Jezi; òm dafè sa ki nan pye bwa a, nou konnen, ap kache pou Jezi. Kòmsi Jezi pa t konnen kote l te ye, kòmsi, nou konnen. E alò li te di: “O, yo di m ke Nonm sa konn dè bagay epi te ka predi bagay, e te konnen ki kote pwason an te gen yon pyès monnen. M pa kwè sa.” E Jezi te mache dirèk anba pye bwa a. E limenm te di: “O, Li paka wè m, m chita anlè sou yon pye bwa.”

<sup>54</sup> Jezi te estope e L te gade anlè, epi L te di, “Zache, desann.” Non sèlman li te konnen ke l te anlè a, men Li te konn kimoun li te ye.

<sup>55</sup> Kidonk m panse ke yon ti istwa pafwa ede granmoun yo, ti gason ak ti fi, menm jan ak jèn yo.

<sup>56</sup> Kidonk nou ka mande m kounye a, apre sa fini, “Frè Branham, ki kote w jwenn enfomasyon sa sou pèsonaj ak non sa yo?” Kèk nan yo, Frè Booth-Clibborn, bon zanmi m te ede m. Epi lòt, se gras a Josephus, gwo istoryen an. Epi apre sa se liv istwa ke m te li, sou evènman sa a, elatriye. Sa se fason m te jwenn enfòmasyon m sou sa nou pral prezante sou fòm pyès teyat maten an, pou sa.

<sup>57</sup> M wè ti piti nou yo ki libere kounye a, pou istwa sa a maten an ke nou pral rakonte. Bon noumenm ti gason ak ti fi, si nou kapab, tout sa ki vle, vini dirèk isit devan an. Nou gen senk ou sis chèz vid. Si nou ta vle jis vini dirèk la, nou t ap kontan resevwa nou. Yo jis vini a tan pou ti pyès teyat la isit la.

<sup>58</sup> Epi la se konsa mwen reyisi jwenn enfòmasyon sa a, fason mwen jwenn li. Yon moun ta ka kritike pou di: “Ebyen, m pa janm li pati sa nan Bib la.” Men, menm si nou pa janm li l, listwa rapòte I, ou wè. Alò se menm istwa a, se jis li prezante tankou yon—yon—yon ti pyès teyat.

<sup>59</sup> Epi, alò, se tou! Se tou! Se ti frè w? O, li vrèman sanble avè w! E li se yon bon ti gason. Ou jis ka di li se sa. Trè byen.

<sup>60</sup> Kounye a ou vle vin isit epi chita la? Gen de ti fi, ou twa ti fi. O, se trè byen epi mayifik! Bon mwen vle . . . Ti istwa sa maten an se pou ti fi ak ti gason. Madmwazèl Collins, mwen kwè ke se ou ki la, e lòt ti sè a; ou vle ale toudwat laba, cheri, epi chita. Ya, m kwè gen yon plas drèt la, si dam lan ta—ta vle deplase sak a men li an. Epi—epi apresa drèt *la*, gen kèk chèz la.

<sup>61</sup> Mwen vle tout ti gason ak ti fi sa yo devan la, pou m ka pale avè yo. La, isit la nou gen kèk chèz la. Nou senpleman vle asire nou ke ou gen plas. Wi, mesye. Genyen nan yo ki pral ede nou drèt la. Alò, nou vle ke sa ka rezève jis pou ti gason ak ti fi sa yo. O la la! Èske sa pa bèl? Bon se . . . M panse ke nou ta dwe gen kèk an plis, Frè Neville, mwen wè kèk lòt k ap vini. E kounye a se jis trè byen!

<sup>62</sup> Konbyen manman ki la? Leve men nou. O, sa se bèl bagay! Bon, se trè byen epi mayifik.

<sup>63</sup> Kounye a si noumenm ti fi ki nan fon an nou vle vin isit la, vini touswit, si nou ase gran pou nou rete lwen manman. Epi si manman vle mennen nou la, ebyen, di l vini touswit. Se pou manman, tou. Trè byen, kounye a.

<sup>64</sup> M ap di nou, timoun yo, nou fèk li yon vèsè. Èske nou ta renmen site l avè m? Èske nou tout ta renmen site vèsè sa a avè m? Bon, nou jwenn li nan Sen Matye, chapit 16 epi vèsè 25 lan, ke nou pral pale la. Kounye a ti piti sa yo . . . Chak ti gason ak ti fi, maten an, site sa a avè m kounye a: [Ti gason ak ti fi yo ap repete apre Frè Branham—Editè a.] Repete: “Sen Matye, chapit 16, vèsè 25.” Bon repete avè m: “Paske moun ki ta vle sove lavi l va pèdi l; men moun ki va pèdi lavi l poutèt Mwen li va jwenn li ankò.” Va jwenn li ankò. Annou di l ankò: “Moun ki va pèdi lavi l poutèt Mwen li va jwenn li ankò.” Bèl bagay!

<sup>65</sup> Kounye a, ti gason ak ti fi, nou konn yon bagay? Gen anpil bagay nan mond lan ki vrèman gen valè. E youn nan bagay sa yo se, nou genyen l avèk nou jodi a, se nanm lan ki anndan kò sa a. E se bagay ki gen plis valè nan mond lan, pou ou. Pa vre, manman? Di: “Amèn.” [Manman yo di: “Amèn.”—Editè a.] Bagay ki gen plis valè ke w genyen se nanm ou. E kounye a si w kenbe nanm ou, alò w ap pèdi l. E si w pèdi nanm ou, alò w ap sove l; si w pèdi nanm ou pou Jezi, ou wè. Nan lòt mo, si w kwè nan Jezi, ou vin disip Li. E lè sa, si w bay Jezi la vi w lè ou jèn konsa, lè sa ou va . . . Li va sove l pou w gen Lavi etènèl. Men si ou—ou vle kenbe l, w ap pèdi l; wi, w ap pèdi. Ou vle aji tankou lòt ti fi ak

ti gason sa yo ki isit la, epi soti al fè menm jan yo fè, alò ou va—ou va—ou va pèdi l. Men si w vle bay Jezi lavi w, alò w ap sove l pou Letènète e pou tout tan.

<sup>66</sup> Bon, sonje sa kounye a, ke bagay ki gen plis valè nan tout mond lan, se ti nanm ou. E si w kenbe l, w ap pèdi l; si w bay Jezi l, w ap sove l. Èske nou ka repepe sa avè m? Si... [Ti gason ak ti fi yo repepe apre Frè Branham—Editè a.] Repete: “Si m kenbe l, m ap pèdi l; e si m bay Jezi li, m ap sove l.” Se sa! Kounye a nou konprann. Èske se pa...

<sup>67</sup> Tout manman ki panse ke sa te byen, di, “Amèn.” [Manman yo di: “Amèn!”—Editè a.] O, se byen! Sa bon.

<sup>68</sup> Alò, ou wè, gen yon bagay ke w ka fè. Bon, pran devan. Si yo vle aji konsa, epi jwenn dezi yo genyen pou mond lan... Si ti gason ak ti fi yo vle soti deyò a ap fè dè bagay, epi bay manti ak di move bagay, epi—epi fè mètdam epi vòlè, epi—epi fè bagay ki mal, ap kopye lè yo lekòl, ak bagay konsa, yo mèt pran devan; yo pèdi. Yo pèdi li. Men si yo bay Jezi li, yo pap fè sa, e alò sa ap sove l. Se sa w vle fè. Pa vre?

<sup>69</sup> Kounye a nou pral kòmanse ti istwa nou an. Bon, sa se kontèks nou, kounye a sonje sa. Alò annou kòmanse ti istwa nou an. Bon, pou noumenm granmoun yo, epi pou papa yo—yo ak manman, koute, tou, kounye a; noumenm, sitou noumenm manman ak papa. Bon jis... e n ap kòmanse. Nou renmen ti istwa? Pa vre? O, m jis renmen yo! Sitou kounye a... Nou li anpil istwa ki pa vre. Men istwa sa a vre, se absoliman Laverite, chak Pawòl ladann. Li nan Bib Bondye a, alò li dwe Laverite, ou wè, paske Se Pawòl Bondye se Laverite.

<sup>70</sup> “Kounye a, nou konnen,” li te di, “M tèlman fatige. Mwen—mwen—mwen fatige ase pou m mouri.”

<sup>71</sup> “Ebyen,” li te di, “poukisa ou pa monte epi al nan kabann ou? Lonje sou kabann lan, sofa anwo a, epi al nan kabann.”

<sup>72</sup> Li te reponn: “Men, o, mwen twò fatige.” Li te di: “O, cheri, si w te wè sa m te asiste jodi a! O, mwen... mwen, kisa... M pa menm vle soupe! O, se terib, sa m te wè jodi a!”

Li te di: “Ebyen, kisa w te wè?”

<sup>73</sup> Li te reponn: “Ebyen, m pa ka di w, devan timoun yo, o, se vrèman terib! O la la, sa pat bon!”

“Ebyen, kisa w te wè?”

<sup>74</sup> “Bon, m ap monte epi m pral kouche jis pou yon ti moman, epi apre—epi apre soupe lè nou fin mete tout timoun yo nan kabann, apresa m ap di w sa k te rive jodi a.”

“Dakò,” manzè te reponn.

<sup>75</sup> E li te monte eskalye yo. Li t al lonje. “O, m tèlman fatige! O, la la!” Nou konnen kijan papa ye lè l fatige, lè l jis vrèman fatige!

<sup>76</sup> Epi apre yon ti moman, ti pitit fi ak je klere sa, te kòmanse ap kouri toupatou sou planche a, pou ap pale on tijan fò. Ou te tande, “Ch-ch-ch, ch-ch-ch, pa fè sa. W ap reveye papa. E, o, li tèlman fatige nan pwen ke li—li te vle mouri. Li pa t vle viv ankò. E si papa fatige konsa, ebyen, nou ta dwe kite l dòmi yon ti tan. Pa reveye l.” Epi ti Miryam, te deplase al chita, pou rete vrèman trankil.

<sup>77</sup> E apre yon ti tan li te fin prepare soupe a, alò li te monte eskalye yo dousman epi li—li te rele l: “Amram?”

<sup>78</sup> E li te reponn, “Wi, Jokebèd, men mwen. M ap desann.” Alò yo te desann mach yo, nou konnen, epi yo te pran yon bon soupe.

<sup>79</sup> Konsa apre yo te fin pran soupe yo, epi ti—ti gason ak ti fi a te fin manje tout soupe yo, enben, yo . . . manman te ranje bagay yo e li te mete yo nan kabann.

<sup>80</sup> Apresa manzè te antre nan pyès la, limenm ak mari l, e yo te chita. Li te di: “Bon, kounye a, kisa w te wè jodi a, Amram, ki tèlman—tèlman boulvèse w aswè a, ke w pa t menm vle viv ankò?”

<sup>81</sup> “O,” li te reponn, “cheri, mwen—mwen jis paka konprann sa.” Li te di: “Mwen wè . . . Ebyen, nou wè sa chak jou, men jodi a espesyalman.” Li di: “O, mwen—mwen te wè bagay ki pi tèrib ke m te janm wè.” Li di: “Podyab ti gason nou yo, kèk nan yo pa gen plis ke douzan, yo t ap rale gwo bourèt sa a, ak kòd nan kou yo *konsa*. E podyab timoun sa yo te rale jiskaske yo pa t ka rale ankò, sou tèt gwo pant mòn sa, ak gwo wòch sa yo dèyè la, yo pa t ka al pi lwen. Epi apre yon moman, bourèt la te kòmanse krake ap vanse tou dousman, epi apre yon ti tan li te kanpe. Men yon nonm ki te parèt sou wout la, o, li te yon manyak! Li t ap rele byen fò: ‘Poukisa nou kanpe bourèt sa a?’ ‘Whash!’ ak gwo vye fwèt trese tankou sèpan sa yo, li t ap fwete yo nan do, e san t ap koule nan do yo, ap koule desann *konsa*. E podyab timoun sa yo ki te rete kwoke nan kòd sa a pou ap kriye.” Li di: “O, Jokebèd! Kisa nou ka fè, manman?” Li di: “Nou se pèp Bondye. Bondye te beni nou. Nou se pitit Abraham, Izarak, ak Jakòb. E poukisa nou oblige esklav isit la ak bagay sa yo? O, se terib jan pòv ti mesye sa yo t ap kriye. O, e mwen priye epi priye epi priye, Jokebèd, e sanble ke Bondye pa menm tande m. Mwen priye epi priye, e sanble Li bouche zòrèy Li, Li pa tande m menm. Sanble Li pa gen okenn konsiderasyon ankò.”

<sup>82</sup> “Ebyen,” manzè te reponn, “gade, Amram, sa pa sanble w. Ou se yon papa tout bon, epi ou . . . Sa pa sanble avè w, paske ou toujou ap ankouraje nou, ap di nou pou nou gen lafwa nan Bondye.”

<sup>83</sup> “O, men, cheri, lè m priye anpil konsa, epi Bondye toujou pa tande m, e sanble sa vin pi mal tout tan. Plis mwen priye, plis sa vin pi mal.”

<sup>84</sup> Men, ti gason ak tifi, èske Bondye tande priyè? [Ti gason ak fi yo reponn, “Wi.”—Editè a.] Li tande priyè. Èske Bondye reponn priyè? [“Wi.”] Ya. Èske L reponn byen vit? Pa tout tan. Pa vre? Non. Gendelè Li fè nou tann. Èske se vre? [“Wi.”] Men, Bondye reponn priyè, pa vre? Epi jis paske tout bagay pral mal, sa pa vle di nou ta dwe sispann priye. Nou jis kontinye priye, kanmenm, pa vre? Se vre. Bon, nou byen reponn. Bondye reponn priyè. Annou tout di l ansanm. “Bondye reponn priyè.” Wi. Kèlkeswa sa sikonstans yo ye, Li reponn, kanmenm. Dakò.

“Ebyen, èske w ap monte al priye ankò?”

<sup>85</sup> “Wi.” E papa te gen yon chanm sekrè anlè nèt nan grenye a kote l te konn al priye. Alò li te monte la jou swa sa, li te mete l ajenou sou kote, li te di . . . Bon li te di: “Jokebèd, al nan kabann ou kounye a, oumenm ak timoun yo. Piga deranje m, paske m ka pral priye tout lannwit aswè a.”

<sup>86</sup> Konsa, li te desann sou jenou l, epi li te priye epi priye. Mwen ka wè l ap leve men l, pou ap di: “O Bondye Abraham, Izarak, ak Jakòb, sonje pwomès Ou te bay pèp Ou a! Men nou isit la, anba nan peyi Lejip, e nou anba esklavaj. E, o, mèt kòve mechan yo ap—ap fòse nou fè dè bagay, ap bat nou tout kote, e podyab pèp nou an yo—yo dezabiye yo toutouni, e y ap bat nou ak fwèt. E nou se pèp Ou. O Bondye, se sèten W ap tande priyè! Se sèten W ap reponn priyè! E m ap priye, epi priye, epi priye, e sanble Ou pa menm reponn mwen. Men, Bondye, m kwè W se Bondye, e W ap fini pa reponn priyè yo.” E li te kontinye ap priye konsa, prèske tout nwit lan.

<sup>87</sup> E nan demen maten, vè twa ou katrè, li te desann ti mach yo. E li gade bò la, e men bél ti madanm li, ti Jokebèd ki te la. Li te la nan kabann nan ap dòmi. E ti Arawon ak ti Miryam te déjà nan kabann, yo t ap dòmi nan pwofon somèy, dòmi te pati avèk yo. Dakò. Li te reponn manzè . . . Ki te di l, “Li kòmanse fè ta, e ou fèk ap . . .”

<sup>88</sup> “Wi, m te priye tout nwit lan.” Je l yo te gen tras dlo, paske li te kriye pou pèp la.

<sup>89</sup> E manzè te di: “Gade, Amram, ou pa ta dwe bay tèt ou tout traka sa.”

<sup>90</sup> “Kounye a,” li te reponn, “koute, cheri. Se byen. Men kounye a gade, ou gen de timoun pou elve la. Chay la se pa m. Si yon moun pa priye pou pòv moun nou yo, kisa k pral rive yo? Kisa k pral rive si yon moun pa gen sa a kè? Yon moun oblige priye.”

“Ebyen,” li te reponn, “Amram, tout chay la pa pou ou.”

<sup>91</sup> “Ebyen, sanble se sa. E de tout fason, m ap priye, kanmenm, san rete!”

<sup>92</sup> Li t al travay jou sa. E chak jou li te konn ale vini, e se te menm vye kòve a. E l te gen yon travay difisil. Li te oblige . . . Yo te konn vide siman nan gwo moul, e li te oblige kanpe la toupre gwo

founo cho sa. Kan yo te konn louvri l, o la la, sa te konn prèske fann po l, chalè tèrib sa! Li te konn pouse brik sa yo anndan pou kwit yo, epi soti yo; pou konstwi gwo tonton wout, epi gwo kokenn tou byen wo, pou ti dye zidòl ak tout bagay konsa. E vrè Kretyen sa anba la k ap travay konsa, pou lènmi an. Men li te yon esklav, li te nan esklavaj. Li te oblige fè l.

<sup>93</sup> Chak swa lè l te konn antre lakay, li te konn priye. E li te konn monte mach yo ankò, pou priye epi priye epi priye, e li te konn redesann. Sa pat konn vin pi bon; sa te kontinye vin pi mal.

<sup>94</sup> E yon jou nan travay la li te tande yon rimè. Li te mande, “Kisa sa ye? Kisa sa ye? Di mwén!” Yon moun te pale nan zòrèy yon lòt. Apre yon ti tan, anvan jounen an te fini, nouvèl la te gaye nan tout peyi a, sa k ta pral rive a.

<sup>95</sup> Kisa sa te ye? On konsèy ta pral reyini aswè sa. Vye Wa Farawon, vye wa mechan an ta pral rasanble tout pèp li ansanm, pou gen yon lòt gwo konsèy. Alò yo te gen gwo reyinyon konsèy sa lòtbò a.

<sup>96</sup> Alò jou swa sa li te rantre, o, li te jis plat atè. Li te rantre, e madanm li te di: “Amram, cheri,” li te akeyi l nan papòt la epi li te bo l, epi li te di: “Mwen te pare yon bon soupe byen cho pou ou. Men,” li te ajoute, “cheri, ou parèt tou defigire. Ki pwoblèm?”

<sup>97</sup> Li te reponn: “O, Jokebèd, si sèlman w te konnen kisa k ap pase! O, sa pi mal ke jamè!”

“Kisa?”

<sup>98</sup> “Ch-ch, m pa ka di w li, timoun yo la. Tann apre soupe, e m va di w li.”

“Dakò.”

<sup>99</sup> Alò, li te pare soupe a. Epi yo te soupe, e yo te pran tout timoun yo pou mete yo nan kabann.

<sup>100</sup> Alò, yo te rantre. Li te di: “Jokebèd, m vle di w yon bagay.” Li di: “Youn nan bagay ki pi tèrib sou pwen rive la.”

“Kisa?”

<sup>101</sup> Li di, “Yo pral gen yon lòt konsèy jodi sa, aswè a. E lè yo va fè l, yo pral mete lòt chay sou noumenm moun yo.”

<sup>102</sup> Kidonk, la, ann al nan palè wa a. Wa Farawon rasanble yo tout deyò a la, epi li di: “Trè byen, nou tout jeneral yo! Sa k ap pase avèk nou la? M bay lòd mwén toutotou pa bò isit la! Moun sa yo ap ogmante san rete! Kisa k pwoblèm lan? Èske nou paka estope sa?” Li di, “Yon jou pral gen yon lòt lame anndan la. Epi tout lènmi nou sa yo, ki soti Gochenn lòtbò a, Izrayelit sa yo, pral mete tèt ansanm ak lame sa a, epi yo va venk nou. E gwo ekonomi nou an pral tonbe plat, gwo wayòm nou an pral detwi. Yo pral pran nou. Ki pwoblèm nou? Yon moun, pale! Èske nou pa gen yon bagay pou di?” O, li te mechan, epi trè mechan. Tout jeneral yo, t ap tranble.

Youn nan yo te leve, e l te di: "Viv Wa Farawon avi."

"Ebyen di sa w gen pou di a!"

<sup>103</sup> Li te di: "Viv wa a avi. Sa majeste, mesye," li te di: "m ta swete ke w ta mete anpil chay sou pèp la, e

malgresya ap miltipliye. Enben, oumenm, si se sèl lide ou genyen, jis kenbe l pou ou!" O, li te brital.

<sup>104</sup> "Oumenm ti sèvèl! Ou te deja mete anpil chay sou pèp la, e malgresya ap miltipliye. Enben, oumenm, si se sèl lide ou genyen, jis kenbe l pou ou!" O, li te brital.

<sup>105</sup> Apre yon ti tan on lòt leve, yon gwo souri sou figi l, tankou dyab la. E li te di: "Viv Wa Farawon avi." Li te di: "M jwenn ide a."

Li te di: "Ebyen, pale! Piga w kanpe la konsa!"

<sup>106</sup> Li te di: "M pral di nou sa nou ta ka fè." Li te di: "Nou konnen, moun sa yo ap miltipliye tèlman vit."

<sup>107</sup> "Wi, se vre!" Li di: "Kèk nan yo, kèk nan moun pa yo gen menm jiska katòz timoun, pafwa yo gen ven timoun. Epi moun nou yo petèt pa menm gen youn." Li te di: "Y ap miltipliye tèlman vit, yo jis ap ranpli tout peyi a nèt."

<sup>108</sup> Ou wè, Bondye t ap fè yon bagay. Ou wè, Bondye toujou rale plim sou je dyab la pou l wè koukou wouj, nou wè. Ou wè? Li konn sa L ap fè. Ou wè? Epi tout medam sa yo te jis gen anpil timoun.

<sup>109</sup> "Ebyen," li te di: "viv wa a avi. Bon, m ap di nou yon bagay. Chak fwa yon fanm fè yon ti bebe gason... Soti nan peyi a la epi jwenn kèk fanm ki pa... ki paka vin manman. Nou wè, fanm ki pa janm fè timoun, fanm ki pa vle timoun epi ki pa renmen timoun, vye sòsyè nen long. Ou wè, plis nen an long, pi bon sa ye! Vye dwèt long, figi makiye, epi pran yo. Yo pa konn kisa lanmou yon manman ye. Alò lè yon ti bebe gason fèt, enben, kite yo al pran ti bebe gason sa, epi fè l soti epi eklate tèt li sou mi an, epi voye l touenen nan kay la bay manman an konsa. Jete l nan yon gwo pwi. O, gen pi bon ke sa, mete l deyò, mare men l ak pye l, epi jete l, pou angrese kwokodil yo. Sa se fason pou debarase nou de sa. Lè sa a yo pap miltipliye anpil, paske pap gen gason rete; touye tout ti bebe gason yo."

<sup>110</sup> "O," Farawon di: "sa a bon! Sa se yon bon lide!" Ou wè sa dyab la ye? Li mechan, pa vre? Li te di: "Alò se sa ki pou fèt! Al pran... Nou dwe... Kounye a, kòm se ou ki te gen lide a, m ap jis fè w siveyan anchèf. Ale epi rasanal tout fanm aje ke nou konnen, ki—ki pat janm vin manman, epi ki pa renmen timoun. Epi yo pral..." Yo...

<sup>111</sup> Ou wè, sa pran yon manman pou renmen on timoun. Nou sonje kijan manman nou te renmen nou? Ebyen, kounye a gade, manman renmen ti bebe yo.

<sup>112</sup> Men yo te oblige jwenn yon moun ki—ki pa t...ki pat gen tmouni, ki pa t vle timoun, jis—jis—jis yon vye fanm vrèman

mechan. E li te di: “Fè yo vin polis. Epi lè w fin fè yo polis, ba yo lòd pou yo ka antre nan nenpòt kay yo vle, pou pran tout ti bebe epi eklate tèt yo sou yon mi, apre bay sa pou kwokodil manje yo. Chak ti bebe!” O, ala mechan! Alò nou konn kisa yo te fè?

“Trè byen, sa bon!”

<sup>113</sup> Apresa nan demen pandan Amram t ap travay lòtbò a, li te tande ke dekrè sa te fèt.

<sup>114</sup> O, li te antre lakay li. Li te di: “O, Jokebèd! O, cheri, kite m rakonte w yon bagay. Ou konn ki lòd, ki te bay? Pou touye tout ti bebe gason yo.” E li te rapòte l. Li te di: “O, m jis pa ka sipòte sa.” Li te monte eskalye yo ankò, pou priye. Nwit sa li te priye tankou l pa t janm fè anvan.

<sup>115</sup> Èske nou sipoze kontinye priye? O, kontinye priye! Èske se vre? Jis kontinye priye, kèlkeswa sa k ap rive a. Kontinye priye!

<sup>116</sup> Bon, epi premye bagay ou konnen, li te priye tout lannwit, “O Bondye, gen pitye! Ede nou, Bondye! Nou priye pou W ede nou nenpòt fason an.” Li te redesann, apeprè anvan jou.

<sup>117</sup> Jou apre jou, e, o, ala rèl toupatou nan peyi a! Chak jou yo t ap tande manman yo k ap kriye, toupatou nan lari yo. Yo te pran ti bebe yo soti nan bra yo, timoun pa yo, bél ti bebe gason yo. Vye sòsyè sa yo te konn antre la pou, pran yo nan ti pye yo, epi frape yo fò sou mi an pou touye yo, apre lanse yo nan bouch kwokodil. Podyab manman ki t ap mete l ajenou, e ki t ap kriye, “O, pa pran ti bebe m nan! Pa pran ti bebe m nan!” Epi, o, ala yon moman yo t ap pase!

<sup>118</sup> Nou konnen kijan manman yo renmen ti bebe, epi kijan yo konn karese yo sou machwè yo. Sonje jan manman te konn pran w epi—epi lave w, epi bo w, epi—epi—epi te konn di w jan w te bél. E kijan li te konn mete nou nan kabann leswa. E, o, si—si w ta... yon ti pòt ta louvri, yon ti kouran dè t ap pase, yon bagay konsa, o, la la, li t ap kouri byen vit e li t ap fèmen pòt la, t ap kouvri ti bebe a, epi, nou konnen, li t ap pran l. Li te renmen w. Ou wè? Li te renmen w. O, li te renmen pòv ti bagay sa ke Bondye te ba li a, ki te san defans e ki pa t ka ede tèt li, alò li te renmen ti bebe sa. E li te jis bo ti bebe l yo epi jwe avèk yo, paske li te yon vrè manman. Ou wè?

<sup>119</sup> Men vye fanm sa yo ki t ap touye ti bebe yo, yo pat konn sa lanmou matènèl ye. Yo pa t manman. Tout sa yo te panse, yo jis te gen plezi nan tèt yo, bagay mond lan, se konsa yo te antre epi touye ti bebe sa yo. Nou twò jèn pou konnen, men sa toujou ap fèt. Se vre. Kounye a, nou menm granmoun yo nou konn de kisa m ap pale a. Se vre, gen twòp! “O,” nou di: “m pa t ap pran...” Men ka avòtman se menm bagay la. Dakò, men ou wè yo pa konn sa lanmou matènèl ye. Kounye a nou konn sa m vle di lè m pale de “vrè manman”! Se vre. Pa gen diferans; se menm dyab la! Alò la, apresa, yo... Jis panse a dè milye e dè milye de milye de fwa

yo, chak ane, menm fason movè sa te ye nan peyi Lejip, oswa pi mal.

<sup>120</sup> E la, alò, yo te antre, yo pa t gen lanmou matènèl, se konsa yo te konn pran ti bebe sa yo pou touye yo. O, sa te kontinye ap vin pi mal e pi mal. E yon jou, vin gen yon lòt rimè, yo ta pral gen yon lòt reyinyon.

<sup>121</sup> Farawon te rele tout konseye l yo ansanm, yomenm, tout ansanm, yo te prezante la: li te di: “Trè byen, yo toujou ap miltipliye! Kisa nou pral fè sou sa kounye a?”

<sup>122</sup> Menm vye nèg mètdam sa a, nomm ak figi dyabolik sa, te leve kanpe. Li te di: “Viv Wa Farawon avi. M gen lide a. Gade, ou fè mesye yo ap travay. Ou mande yo founi yon kantite brik, tan pa jou, ou mande yo pou fabrike brik yo avèk pay. Ou touye timoun yo—yo ak bagay konsa, men yo kontinye ap miltipliye. Bagay ou ta dwe fè, se fè medam yo travay, tou. Si w fè medam yo travay, alò yo pap . . .” Bon, se pa plas yon fanm. Non. Alò yo te di: “Men fè medam yo travay, epi voye yo deyò a la, epi kite yo fè brik, tou. E apre y ap tèlman fatige lè yo antre, yo—yo pap ka kwit manje pou mari yo, yo pap ka yon bon manman, ou wè. E kidonk si yo dwe travay epi kontinye konsa, alò yo—yo pap ka fè l. Alò, fè yo travay, tou.”

<sup>123</sup> “Sa se byen! O, ou se yon nonm saj.” Kidonk li fè tout medam yo travay.

<sup>124</sup> E podyab men vye Amram nou an, ki t ap antre jou nwit sa, li te di, “O, Jokebèd, m pa konn kisa nou pral fè. Kounye a, yo pral fè tout medam yo travay. Mwen—mwen di w, o, m jis pa konn kisa pou m fè! Nou—nou—nou jis . . . Nou se esklav, e n ap vin pi mal epi pi mal. Mwen—mwen predi sa: si jamè Bondye ap fè yon bagay pou nou, se ap apre nou tout fin mouri.”

<sup>125</sup> Kounye a, Bondye pa tann konsa, pa vre? Non. Pafwa Bondye jis gade nou, pa vre? Trè byen.

<sup>126</sup> Alò nwit sa, li te di, “M pral monte priye tankou m pa t janm te konn priye anvan!”

<sup>127</sup> Bon, se fason sa pou priye, pa vre? Priye tankou ou pa t janm te konn priye anvan, vin vrèman serye! Ou wè, si w jis monte pou di, “Seyè, beni *Entèl-entèl-ak entèl*,” Bondye pa—pa twò enterese nan sa. Men lè w vrèman serye! Lè nou menm ti gason ak tifi nou priye, vin vrèman serye! Èske nou fè konsa nan lekòl? Èske nou—nou mande Bondye pou L ede nou nan zafè lekòl? Lè—lè n al lekòl, epi nou pa vrèman fè bèl nòt, ale epi di, “Bondye, mwen—mwen vle W ede m.”

<sup>128</sup> Èske nou priye? Konbyen ti gason ak tifi ki priye? Fè wè men nou. O, se byen. Bon, sa se byen. Èske nou gen yon plas sekèrè kote n al priye, kote manman ak papa pa menm wè nou? Èske nou priye konsa? Nou—nou pa priye konsa? Jwenn yon ti plas, glise an kachèt epi priye, epi fè ti priyè ou. Èske w fè sa chak swa

anvan w al nan kabann? Lè w leve le maten, ak bagay konsa? O, sa se bon. Konbyen lòt ti gason ak tifi (leve men nou) ki konn priye? Byen lwen nan biling lan. O, èske sa pa byen? Ebyen, kounye a, se byen. Sa montre ke nou gen manman ak papa tout bon ki aprann nou fè bagay sa yo. Bon, la lè nou vrèman nan bezwen, pito nou priye sensèman. Èske nou te fè l?

<sup>129</sup> Kidonk, ti Amram, men li k ap monte eskalye yo. O, la la! Li pat vle ankenn soupe. Li te di, “Sa twò grav. O lala!”

“O,” manzè te di, “ou dwe manje soupe a, papa.”

“M jis paka fè l, Jokebèd. M jis paka fè l. Mwen—mwen . . .”

<sup>130</sup> “O,” li te di, “men w ap pèdi pwa, epi ou sou tansyon, e figi w fennen. W ap vomi manje a, ak bagay konsa.”

<sup>131</sup> “O, m pa konn kisa pou m fè! Men,” li te di, “cheri, si yon moun pa sousye l de pèp la, si yon moun pa priye pou pèp la, kisa n ap fè? N ap vin pi mal. Se sèten, yon lè, Bondye va tandem!”

<sup>132</sup> Wi, se vre. Se vre. Bondye va tandem. Ou vrèman vin serye epi jis rete la!

<sup>133</sup> O, fwa sa a li te monte eskalye yo on lòt jan. Lè l te monte fwa sa a, li te desann sou jenou l, li te leve men l anlè, e li te rele byen fò, “Bondye, m ap pale avè W kounye a!” Amèn. Vin vrèman serye! “Bondye, Ou gen zòrèy, e Ou ka tandem. Ou gen je, e Ou ka wè. Ou gen memwa; Ou konn Pawòl Ou. Ou konn pwomè Ou. Mwen sipliye W, Bondye, bese je W anba la, Ou se Bondye Abraham, Izarak, ak Jakòb, pèp Ou nan detrès, e y ap mouri. Fè yon bagay pou nou, Bondye! Nou dwe jwenn Ou la menm! Nou vrèman oblige jwenn Ou, osinon n ap peri. Nou dwe jwenn Ou. Nou senpleman oblige, pou nou ka viv.” Sa se lè ou vrèman ap priye. O, li te priye!

<sup>134</sup> Nou konnen, pafwa lè moun yo priye, yo vin fatige. Pa vre, manman ak papa? O, yo vin tèlman fatige! Frè Branham pafwa vin tèlman fatige, m te prèske endispoze kan m t al priye pandan lontan; m jis vin fèb, m te ale san manje, ak bagay konsa, pandan dè jou; ap priye priye priye, epi preche. Epi m te jis rive nan yon pwen kote m te prèske pral endispoze. È pafwa moun yo rive nan pwen sa. Se pa moman pou abandone. Kontinye! Bondye va reponn! [Frè Branham frape twa fwa sou chè a—Editè a.] Wi, mesye. Kontinye kenbe la! Wi, mesye.

<sup>135</sup> Kidonk li te monte vyep ti mach, k ap krake yo. E m ka wè Jokebèd ki te pwoche l, pou di, “O, Amram, pa fè sa. Cheri, mwen—mwen kwè . . .”

<sup>136</sup> “Ebyen, Jokebèd, gade, ou se yon vrè, bèl . . .” Li te bèl, on bèl ti manman. Epi li bo l sou machwè, ou konnen, e li te ba l yon ti tap konsa. Li te di: “Bon, manman, tounen epi mete Arawon ak—ak ti Miryam nan kabann. Epi m ap monte al priye. Epi bon, si w tandem m ap kriye, piga w monte.”

<sup>137</sup> “Ebyen, men, Amram, kisa w pral fè, cheri? Ou prèske mouri.”

<sup>138</sup> “Wi, men mwen—mwen gen fado pèp la nan kè m. Fòk mwen fè yon bagay pou sa. Fòk mwen rete sou jenou m. Konsa tout pèp la . . .” Li te di, “Jodi a, jis jodi a, anba mòn kote yo fè brik, m te anba la, ap pede di, ‘Ebyen, se sèten, Bondye va tandé!’ E yon gwo vye nèg te parèt, li te met men l sou tay li, e l te di, ‘Kilè L va tandé? Kilè L va tandé?’ Ou wè kijan moun yo vin anmè? Y ap leve kont Bondye, paske yo te priye priye priye, epi anyen pa t rive. E sila a te priye priye priye, epi anyen pa t rive. E tout sakrifikatè yo te di: ‘Jou mirak yo passe, e sèl bagay nou ka fè, se jis soumèt nou devan vye chèf kòve sa yo ki se adoratè payen, oswa ki gen dye payen, elatriye. E kisa nou ka fè?’” Men li te di, “Men mwen kwè nan Jewova! Amèn! Mwen kwè Li toujou reponn priyè!”

<sup>139</sup> Èske nou kwè sa? [Asanble a di: “Amèn!”—Editè a.] Nou kwè sa? Amèn! Nou tout ki kwè sa di: “Amèn.” [“Amèn.”] Li toujou reponn priyè! Trè byen.

<sup>140</sup> Yon vyep ti kò frajil, li te pèdi anpil pwa. Li te monte mach k ap krake yo, li t al la epi li te desann sou jenou l. Li te di, “O Jewova!” O, li te priye tankou li pa t janm te konn priye anvan! Li te di: “Jewova, gade la! Ou se yon Bondye tout bon. Nou kwè Ou gen zòrèy. Nou kwè Ou gen je. E Ou konn tout bagay. Epi nou kwè Ou se Bondye Ebre yo, epi nou se pèp ak pwomès la. Nou kwè ke W kenbe Pawòl Ou.” Li te di: “Gade payen sa yo lòtbò a, jan y ap pwofite de travay bon mache nou, pou ap konstwi gwo tonton wout ak ziddòl, ak tout bagay. Oumenm, Jewova, èske W ap rete nan Syèl la pou kite payen ap domine sou Ou? M pa kwè W ap fè l.” Amèn!

<sup>141</sup> M toujou kwè Li pap fè l! Amèn! Lè dyab la vini, Bondye toujou Bondye! Se vre! Li pap pèmèt demon sa yo fè sa. M kwè sa, jodi a, kote vin alamòd ak foli, epi tout tenten sa ap dewoule; kanmenm, Bondye toujou ap gouvène epi Li toujou Bondye! Se vre! Sa nou bezwen se yon moun tankou Amram, ki gen fado a sou kè l, ki pral rete la pou priye nèt ale, jiskaske Syèl la louvri byen lwen, pou Bondye desann epi reponn priyè. Amèn.

<sup>142</sup> “Kounye a gade la,” li te di, “Bondye, èske W ap kite payen yo pase pèp Ou a nan betiz konsa? Dè semèn epi dè mwa epi dèzane te pase. Nou priye san rete, ak dlo nan je, men . . . [Espas vid sou bann lan—Editè a.] O Bondye, èske W ap pèmèt yon tèl bagay?”

<sup>143</sup> M ap mande m jodi a, alò ke y ap jete dè santèn ti bebe nan rivyè epi nan twou rego, pou yo pa pèmèt yo viv, epi ka avòtman avèk tout lòt bagay ke yo te komèt; O Jewova, èske W ap pèmèt yon tèl bagay ap kontinye? [Frè Branham frape sis fwa sou chè a—Editè a.] Jodi a, kote wiski ak byè, epi bat nay, ak tout bagay, ap rele byen fò. E menm chè a vin tèlman fèb ke yo pè di kwakseswa sou sa. Jewova, èske W ap pèmèt yon tèl foli kontinye? Li va reponn yon jou. O, kòlè Li tèrib lè l vini. Wi, mesye. Fanm k ap

soti pou pèmèt je ti bebe pa yo tounen yon plato sigarèt, pou ap lage sann, epi tout bagay konsa. E moun yo mennen ti bebe yo nan ba kote k gen byè, ti fi ak ti gason sis oswa uitan, ki chita, ap bwè, epi bagay konsa. E nasyon an legalize sa, epi, "Se kòrèk." O, la la! Nou panse ke Jewova pa wè sa? Alò ke, yo menm ap pase nan betiz moun ki vrèman dwat avèk Bondye yo. Tout bagay sa yo ap dewoule, ap pase nan betiz. Rete fèm, jis kontinye rete fèm! Jewova va reponn. Pa enkyete nou. Trè byen.

<sup>144</sup> N ap kontinye on ti jan pi lwen. Nou jwenn li anwo a ap priye. E li te tèlman fatige ke l lonje kò l. Li senpleman priye jouk li jis tonbe sou planche a. Li patka al pi lwen, e li te fè yon ti kabicha. Li te reveye. "Kisa k genyen? Te gade toutotou la! Kote Limyè sa soti? O, gade, sa kanpe la nan kwen an." Te gen on Anj ki te kanpe la, epe L te pandye la sou kote Li. O, li te gade ankò, epi li te fwote je l. Li te leve sou jenou l, li te di, "Seyè, o, o, kisa—kisa Ou vle de mwen?"

<sup>145</sup> Li te reponn, "Amram, m se Anj Bondye. Yo voye m sot nan Syèl, pou di w ke Bondye tande priyè w. Epi mwen vin ananse w ke Li pral voye yon liberatè. Li sonje tout pwomès Li yo." Mwen wè Anj lan kounye a; gade Li, Li rale epe sa a soti. Li pwente l nan dirèksyon nò. Amram te gade. Li te di: "Jis kote epe sa a pwente a ou jwenn latè pwomiz. E Mwen te pwomèt Abraham, Izarak, ak Jakòb, papa yo, ke noumenm moun yo nou pral eritye tè sa. Epi Mwen tande jemisman pèp la, Mwen tande kriye timoun yo, e Mwen desann. E Mwem vle w konnen ke ou pral jwe yon gwo wòl nan sa, Amram, paske ou te fidèl nan lapriyè. Ou te fidèl lakay ou. E ane pwochèn, menm epòk sa a, Jokebèd, bèl ti madanm ou, pral pote nan bra l yon ti bebe gason. E ti bebe gason sa pral liberatè a." Glwa!

<sup>146</sup> Li te di: "O, wi. Wi. O, wi. Wi. O, Li tèlman mèveye." Li te gade, e Anj lan te kòmanse ap monte. Te sanble tankou tout Syèl la te louvri, epi Li te soti kite chanm nan. Li te tann on ti kras. Li te di: "O, mwen pa pèdi tèt mwen."

<sup>147</sup> Li te desann mach eskalye yo, byen vit, e li te di: "Jokebèd! Jokebèd, prese vit!"

Li te reponn, "Wi, kisa k genyen, cheri?"

<sup>148</sup> Li te di: "Leve!" E limyè lalin nan tap briye nan fenèt la, li te... Manzè te bèl. E li te di: "M fèk sot wè yon Anj Bondye, e Li te di m tout bagay sa yo."

"O, a kisa L te sanble?" manman an te mande. "A kisa L te sanble?"

<sup>149</sup> Li te di: "O, Li te mèveye. Li te gen yon wòb klere. Je l t ap briye. E Li te gen yon epe nan men L, e Li te pwente l nan dirèksyon nò." Sa se dirèksyon an, nou konnen, latè pwomiz ke w jwenn apati peyi Lejip; monte nan direksyon sa, Palestin. Li te di, "Li pwente nan dirèksyon nò. E Li te di ke nou pral genyen on ti bebe apeprè menm epòk sa a lane pwochèn, e ti bebe sa a pral

vini e l ap yon konkeran, e li pral delivre pèp pa L la. O, alelouya, Jokebèd!”

<sup>150</sup> Epi li te remake ke manzè te tou blan. Figi li, je l t ap gade, gran je l yo t ap gade. “Jokebèd, kisa k genyen?”

“O, Amram! Non, non, non! Nou pral gen yon bebe gason?”

“Wi.”

<sup>151</sup> “O, ou... Se pa posib. Ou konn yon bagay? O, si sèlman ou pat janm te gen vizyon sa a. Ou konn sa, Farawon, li ap touye tout ti bebe yo.”

<sup>152</sup> “Wi. Men, ou konnen, si Bondye ban nou bebe sa a, Bondye ap pran swen bebe a. Amèn! Bondye te pwomèt. Bondye ap pran swen de li.”

<sup>153</sup> Ebyen, nan landemen l al nan travay. Epi tout kanmarad yo lòtbò a, yo remake Amram. Olye l vini, ou konnen, tou kraze epi tou fatige, zèpòl li te dwat, li di, “Pase pi plis brik. Ale, annou wè!”

“Kisa k pase?”

“Glwa pou Bondye! Bondye pral reponn priyè.” O, non . . .

<sup>154</sup> Ou konnen, sa fè w santi w byen lè w jwenn yon repons. Èske nou pa konn sa, papa ak manman, lè Bondye bay on repons? Ou pa bezwen gen yon vizyon. Jis konnen ke repons lan la, se tou. Se tou, jis konnen ke repons lan la.

<sup>155</sup> Ebyen, tandé byen kounye a, m vle nou tandé, sa k te rive. Kounye a nou konnen, apre yon ti tan, yo te di: “Dakò, Amram, kisa k rive w?”

<sup>156</sup> “Bondye pral reponn priyè! Bondye pral reponn priyè!”

“Ebyen, jan Li pral reponn priyè a?”

“Sa pa fè okenn diferans.”

<sup>157</sup> Yon vye nèg te vanse, e li te di, “Bon kilè ou panse L ap janm reponn lan?”

<sup>158</sup> “Ebyen, mwen pap di w, paske w se yon enkwayan, de tout fason. Pase pi plis brik.” Li te lanse yo anndan *konsa* . . . ? . . . Pe enpòt; ou pa oblige di enkwayan yo tout bagay, pa vre? Sa pa fè okenn diferans. Non, mesye. Sètènman pa. “Pase pi plis brik. Alelouya! Priyè pral reponn!” Se konsa w santi w lè w konnen sa pral rive. Pa vre? Wi, mesye.

“Ebyen, kijan Li pral fè l?”

<sup>159</sup> “Ou pa konnen, de tout fason, alò jis kontinye pase brik.” Mete yo tout anndan la, mete tout vye brik sa yo anndan la.

<sup>160</sup> Jou swa sa li te rantre lakay, li te di, “O, Jokebèd, panse a sa, nou pral gen yon bebe! O, li pral liberatè a! Bondye pral voye l. O, se va bèlmèvèy.”

“O, men m tèlman . . .”

<sup>161</sup> “O, sispann enkyete w! Sispann enkyete w! O la la! Bondye ap—Bondye ap koute nan lòt bout la kounye a. Bondye gen zoréy; Bondye ka tandé. Bondye gen men; Li ka delivre.” Kifè, o, li te gen anpil fwa.

<sup>162</sup> Ou konnen, lè w te priye nèt ale, ou jwenn yon repons, ou vrèman gen anpil fwa lè sa. O! Èske w janm priye pou yon bagay, epi ou konnen ke Bondye ta pral fè sa pou ou? Èske nou menm ti fi yo nou konn fè sa, ak nou menm ti gason yo? Ya. Sètènman. Sa se lè Li... Sa se lè w konnen sa pral rive. Trè byen.

<sup>163</sup> Yon ane antye pase. E premye bagay ou konnen, men Amram k ap vini sot nan travay yon jou. Epi kisa k te pase? Ti bebe ki pi bèl la, o, li te yon ti bebe cheri, apeprè longè *sa a*. E konsa manzè te pran l, li te lonje l bay Amram. E li te bo l, ou konnen. Li te renmen l, ou wè. Epi manman te kenbe l. O, ala yon trezò! Manzè te di: “O, malgretou, m tèlman pè, ou konnen. Ti bebe sa a, li sitèlman yon ti bagay doudou.”

<sup>164</sup> E ou konn yon bagay? Bib la di se te pi bèl ti bebe ki te janm fèt. Kounye a mwen konnen manman yo pap dakò avè m sou sa. En-en. Yo te panse... Manman w te panse ke ou se ti bebe ki pi bèl. Pa vre? Ya. Li gen dwa panse sa. Men Bib la di ke se sa a ki te yon bèl ti bebe. O, li te yon bijou. Bondye te gen men L sou li, ou konnen. Kifè, o, li te ti bagay ki te pi bèl la! Li te kouche la, epi—epi li te jis ap fè yon ti souri, san dan.

<sup>165</sup> Èske nou pa gen ti frè ak sa yo, ki te konn fè sa, lè l pa—pa t gen dan, pou jis ap souri *konsa*?

E premye bagay ou konnen: “Waa!”

“O, la la, mizerikòd! Fyouw! Mwen konnen, ann jis kache l.”

“Kisa k genyen? Kisa w ap fè?”

<sup>166</sup> “M ap mennen l anba. Ou konn kisa konsiy lan ye. Ou wè, si vye sòsyè nen long sa yo vin isit la, y ap pran ti bebe nou an pou touye l. Se vre. Nou paka kite l kriye.” Konsa, o, li te bezwen yon—yon ti manje maten oswa soupe. Alò manman te mennen l nan kwen an, li te ba l tete, ou konnen. E apresa, li te kòrèk.

<sup>167</sup> Alò kèk nwit apresa, yo t ap jwe avè l, epi, “Waa!” Li te rekòmanse ankò, ou konnen, li te kòmanse ap kriye. Manzè te kouri byen vit, epi li te kache—te kache l byen vit konsa. Epi anba, déyè nèt, sou yon mi, Amram te prepare yon ti plas kote l te ka kache ti bebe a.

<sup>168</sup> E apresa premye bagay ou konnen, yo te tandé yon bagay anwo eskalye yo ki te pati... [Frè Branham frape sou chè a—Editè a.] *Fiouw!* Pati! Tout moun te gaye on sèl kote, yo te di: “Sa se yo. Sa se vye sòsyè sa yo, ak vye dwèt long, zong woze!” E vye sòsyè yo... te Gade anba la, yo te gade atravè fenèt la, li te di: “Ya, se yomenm. Yo kanpe la.”

[Frè Branham frape sou chè a—Editè a.] “Ouvri!”

<sup>169</sup> Vye Amram te soti, li te louvri pòt la, li te di: “Kisa nou vle?”

<sup>170</sup> Yo te mande: “Nou gen yon bebe isit la, epi nou okouran de sa. E n ap pran l.”

“Nou pa gen okenn bebe pou ba nou.” Yo pat genyen.

<sup>171</sup> “N ap rantre pou n ap gade, kanmenm. Nou se polisye fanm. Men badj nou?” Èsa se yon . . . Èske se pa kichòy pou yon fanm sa? Men, “Nou se polisye fanm. Se otorite yo ki bannou dwa!” Ou konnen, nou genyen yo bò isit la kounye a. E konsa—konsa apresa yo desann epi yo antre. Yo antre epi yo chavire sofa a, epi yo louvri tout tiwa yo, epi jete tout bagay atè, e yo retire tout dra pou souke yo. Epi yo monte e yo jewnne kote papa te gen on ti plas sekrè. Yo te gade tout kote, men yo pa t ka jwenn bebe a.

<sup>172</sup> Yo pa t ka jwenn bebe a, alò yo te mache al jwenn dam lan la, podyab—podyab Jokebèd ki te kanpe la, figi l te blèm. Yo te mache, yo te di: “Gade non! Nou konnen ou fèk vin yon—yon manman. Nou ka wè sa sou aparans ou. Nou konnen ou se yon fanm k ap bay tete, e nou konnen ke bebe sa isit la. N ap retounen. N ap jwenn li!” Yo te soti pran pòt la. Yo te klake pòt la, e yo t al fè wout yo.

Manzè te di: “O, o, kisa nou ka fè? Kisa nou ka fè?”

<sup>173</sup> Kidonk Amram te di, “Priye.” Èske se sa pou fè? [Ti gason ak ti fi yo reponn, “Wi.”—Editè a.] Èske se sa bagay la? “Priye! Annou priye.”

“O, o, o! M pa konn kisa—kisa pou m fè. O!”

<sup>174</sup> Kifè li te di: “Kounye a, gade, kalme w, epi al bay bebe a tete ankò. M ap monte anwo a pou priye.”

<sup>175</sup> Kidonk li te monte eskalye yo e li te priye. Li te di: “Jewova, Ou gen zòrèy. Jewova, Ou gen je. Jewova, Ou ka tande. Ou ka reponn priyè. Ou te bannou bebe sa a. Ou te bannou pwomè Ou. Epi W ap kenbe pwomè Ou, epi W ap kenbe bebe sa a. E mwen gen konfyans!”

<sup>176</sup> Aprè priyè a, li te vrèman fatige, li—li te jis blayi *konsa* epi li te pati nan somèy. [Frè Branham imite jan yo ronfle—Editè a.] Li te tèlman fatige! Li te travay tout lajounen, epi ap priye tout lannwit. Li te fatige. Epi apresa nou konn sa k te rive? L t al dòmi, e li te fè yon sonj.

<sup>177</sup> Ou konnen, Bondye pale nan sonj, tou, pa vre? Li fè l, sèten. Wi, Li fè l. Li ka fè l. Ou wè? Epi Li pale nan sonj.

<sup>178</sup> O, lè l leve, li te di, [Frè Branham klake dwèt li yon fwa—Ed.] “Se sa! Mwen te dwe panse a sa. Se sa m dwe fè.” [Frè Branham frape sou chè a senk fwa.] “M jis pap di anyen sou sa.”

Men li k ap desann eskalye yo. Li te di, “Jokebèd!”

“Wi, cheri? O, m tèlman fatige. M paka dòmi.”

“O, al dòmi. Al dòmi. Tout bagay fini.”

“Kouman w fè konnen?”

“O, m jis konnen. M jis gen konfyans!”

<sup>179</sup> Jou swa sa a, olye ke papa te monte anwo a pou priye, li te desann nan sousòl la. Li te okipe anba la. M ap mande m kisa li t ap fè. Ann glise desann pou wè li. Mwen wè l anba la, konsa ap... [Frè Branham te kòmanse ap fredone, epi ap frape pandan li fè tankou l ap konstwi yon bagay—Editè a.] “Slam, slam, slam.” [Frè Branham ap fredone.] Li pran wozo sa a, e li te egzamine l, tòdye pou wè si l bon. [Frè Branham ap fredone.] Ti Arawon te soti jou sa a, e li te rammase tout an kantite, li te depoze yo nan sousòl la, ou konnen. [Frè Branham ap fredone.] “Bondye ap pran swen w.” [Frè Branham ap fredone.] “Relijyon ansyen tan an, li dwe tout bon vre!” [Frè Branham ap frape sou yon bagay.] Li mare yo.

Manzè te di, “Amram, ki pwoblèm ou genyen?”

“Alelouya! Anyen, cheri. T ap kontinye.”

<sup>180</sup> [Frè Branham ap fredone—Editè a.] “Se relijyon ansyen tan an.” [Frè Branham frape ankò.] “Se relijyon ansyen tan an.” Ap mennen sa a *la*, ou konnen. “Se relijyon ansyen tan an.” “Chhhhhh,” te sele l nèt. “E sa sifi ase pou mwen! Ban m ansyen sa a...” Li t ap fè yon bagay.

<sup>181</sup> Ou konnen, apre youn ou de semèn te fin pase, premye bagay ou aprann, yo t ap mande kisa l t ap fè.

<sup>182</sup> Kifè yon nwit lè yo tout t ap dòmi, li te pran eskalye yo epi li te pote ti bagay sa monte, ou konnen. Li te monte l *konsa*. Epi li te pote l anwo a. Li te soulve kouvèti kote madanm li Jokebèd t ap dòmi, e li te glise l anba kouvèti a. Epi ti Arawon ak—ak ti Miryam t ap dòmi, ou konnen; o, li te yon ti bagay adorab, ti fi sa, ti Arawon tou. Kidonk, li te mete l anba la a. Li te di, “Jokebèd, cheri.”

<sup>183</sup> Manzè te reponn, “Amram, èske w te nan sousòl la ap priye a lè sa nan nwit lan?”

Li te di: “Non. M te nan sousòl la, ap louwe Bondye.”

Li te mande, “Kisa w t ap fè?”

<sup>184</sup> Li te di, “Mwen vle di w. Bon, ou konn vye sòsyè sa yo pral retounen.”

“Ya.”

<sup>185</sup> “E m vle di w kisa nou pral fè. Sa fè twa mwa kounye a ke nou gen bebe a, e nou dwe debarase nou de li.”

“O, Amram! Ou dwe fè kisa?”

“Nou dwe debarase nou de bebe a.”

“Debarase nou de bebe a?”

“Ya.”

“O, ou kriyèl!”

“Non, m pa kriyèl. Non, non, non. M konn kisa m ap fè a.”

<sup>186</sup> “Kisa w vle di? Enben, ou pral mechan menm jan ak Farawon. Ap debarase nou de bebe nou an?”

“Wi, nou pral debarase nou de bebe a.”

“O, nou pa kapab!”

<sup>187</sup> “Kounye a koute. Si nou kenbe l, n ap pèdi l. E si nou bay li a Sila Ki te bannou l lan, L ap jwenn li.” Se pa vre? “Kounye a, si nou kenbe l, n ap pèdi l.”

“Kijan w pral pèdi l?”

“Ebyen, vye sòsyè sa yo pral vini pou pran l.”

<sup>188</sup> Men gade, si w kenbe nanm sa epi ou kontinye viv tankou mond lan, w ap pèdi l. Sòsyè lanfè yo dèyè w. E se vre. Tout vye foli sa a nan mond lan ak bagay deyò a la, yo drèt dèyè w. Si w kenbe l, w ap pèdi l; men si w remèt li bay Sila Ki te ba ou l la, ou va jwenn li epi pou kenbe l. Kisa sa ye kounye a? Si nou kenbe l, kisa n ap fè? [Timoun yo di: “N ap pèdi l.”—Editè a.] N ap pèdi l. Si nou bay Kris li, n ap kisa? Kenbe l. [“N ap kenbe l.”] Amèn! Se byen. Kounye a nou byen reponn.

<sup>189</sup> Kounye a li te di, “Jokebèd, n ap pèdi l si nou kenbe l. Kidonk si nou remèt li—remèt li bay Sila Ki te bannou l lan, alò n ap kenbe l.”

<sup>190</sup> Bon ou gen yon nanm. Epi, papa ak manman, se menm bagay la. Men si w kenbe l, ou pral pèdi l. Se vre. Sòsyè lanfè yo va pran l. Yo tout dèyè l! Men si w remèt li bay Sila Ki te ba ou l la, w ap kenbe l jiska Lavi ki san fen an. Alelouya! Amèn! Eskize m, timoun yo, mwén—mwén demode ase pou ap rele byen fò. Si w kenbe l... Annou di l, nou tout ansanm: [Asanble a ap resite ansanm ak Frè Branham—Editè a.] “Si w kenbe l, w ap pèdi l; si w remèt li bay Sila Ki te ba ou l la, w ap kenbe l.” Amèn. Sonje kounye a, ba Li l.

<sup>191</sup> Kounye a ann swiv. O, manzè t ap kòmanse kriye. Li te di, “O, kisa w pral fè avè l?” li te mande.

“Gade la, m vle montre w yon bagay.”

“Kisa w te mete anba kabann mwén an la?”

Li te di, “Kite m montre w.” Epi li te rale l soti.

“O, se yon ti pànye wozo!”

<sup>192</sup> Se yon ti bato, se sa l ye. Li pat gen gouvènay, li pat gen vwal, li pat gen kanno sou li, e poutan li ta pral transpòte kago ki pi presye ke yon bato te janm transpòte, rive jouk nan moman sa. Koute sa! Li pat gen kapitèn oswa manm ekipaj. Frè, mwén konn yon Bato pou grānmoun, menm jan an, tou!

<sup>193</sup> “O,” manzè te di: “Am... kite m gade l, Amram, kite m wè.” Li t al la.

<sup>194</sup> Li te di: “Gade la, gen yon ti kouvèti sou li. Ou wè?” Li te leve ti kouvèti a.

Manzè te di: “Wouch! Li santi! Aa! Wouch! O la la!”

Li te di: “Wi, li santi.”

“Poukisa?”

<sup>195</sup> “Mwen te benyen l nèt ak goudwon. Li te gen lakòl toupatou.” Lakòl se goudwon, ou konnen, kifè yo te badijonnen l nèt ak lakòl. Se sa li t ap bouyi anba la, pou l te vide sou wozo sa yo. Li te badijonnen l ak lakòl. Li te di, “Ou wè, dlo paka antre anndan l lè sa. Ou wè, li te sele toupatou.” Epi li te di, “E li jis paka antre anndan l, dlo a pa kapab. Mwen te badijonnen l ak lakòl.”

Li te reponn, “Wouch! Sa santi movè!”

<sup>196</sup> Nou menm timoun yo nou konn kisa goudwon ye, lè y ap repare lari a, “O, vye odè sa!” Men li—li—li—li t ap anpeche. . . Sa—sa bouche tout fant nan lari yo. E se fason sa sa fè l, li bloke tout dlo.

<sup>197</sup> E se sa lapriyè fè pou kwayan an. Se sa ki gade mond lan aleksteryè ou chak jou, se lè nou jete nou sou jenou nou, pou di, “Seyè Jezi!” Epi San an desann, epi Li sele nou toupatou konsa dyab la paka atenn nou. Ou wè? Se vre. Ou wè? Kifè lè sa, o, anpil fwa moun yo ap pwonmennen di ke se tèrib, men, sa pa fè okenn diferans, sa gade nou an sekirite. Se sa bagay ki pi enpòtan an, rete an sekirite. Yo di, “Ou demode,” men, se pa enpòtan, sa kenbe nou an sekirite.

“Ebyen,” li te di, “kisa nou pral fè?”

<sup>198</sup> “Trè byen,” li te di: “m ap di w sa nou pral fè. Nou pral pran bebe a, epi nou pral fè yon ti separe. E nou pral pran bebe a pou nou mete l anndan la, epi depoze l nan Rivyè Nil la.”

<sup>199</sup> “O! Non! Non! Non! Amram, ou paka mete bebe nou an deyò a nan rivyè a.”

<sup>200</sup> “Wi! Wi! M konn kisa m ap fè a.” Ou wè, li te fè yon rèv, li te konn kisa pou l fè. Ou wè, Bondye te ba l konsiy. Li te konn kisa pou l fè. Li te konstwi sa a, epi li te wè ke se te yon tip menm de lach la ki te sove Noye nan epòk pa l.

<sup>201</sup> Kifè li te di: “Gade isit la, m fè yon ti twou pa anwo, pou l ka respire. Ou wè, pou l ka jwenn limyè solèy atravè sa la.”

<sup>202</sup> Epi nou konnen, lach la nan Ansyen tan Bib la, epòk lontan sa, li te konstwi menm jan an. Li te gen yon twou pa anwo, pou w te ka gade, nou wè, epi kote l te dwe gade anlè.

<sup>203</sup> Kidonk podyab ti bebe sa a, san non, li pat menm gen non; yon ti bebe, san non, e poutan li te ti bebe ki pi bèl nan mond lan.

<sup>204</sup> Nan demen swa, lè yo te antre, yo te tann jiska anviwon twazè di maten, epi apresa yo . . . Li te vanse. Epi li te fin priye. Li te twoche, e li te di, “Kounye a annou wè, Jokebèd, leve!”

<sup>205</sup> Apresa yo te reveye ti Arawon ak ti Miryam. O, manzè te pwoche epi li te mete bra l, li te di, “Papa!” Ti Miryam, te mande, “Ou pap pran ti frè nou an, bebe a, pa vre, pou depoze l sou larivyè Nil la kote tout vye kwokodil sa yo ye la?”

<sup>206</sup> Epi li te rale cheve l yo al dèyè *konsa*. Epi . . . Li te gen bèl je, ak bèl ti cheve. E *konsa* li te bo l sou machwè. Li te reponn, “Cheri, sa fè m mal, tou. Sa fè m mal, tou, men nou dwe fè sa.”

<sup>207</sup> Nou wè, ti fi ak ti gason yo, pafwa nou dwe fè dè bagay ki fè nou mal, men nou dwe fè l, kanmenm. Lè ti fi yo mande, “Ey, èske w te janm fimen yon sigarèt?”

N ap reponn, “Non.”

<sup>208</sup> “Ebyen, eseye youn! O, mwen se zanmi w, ou konnen. Ya, eseye l.”

<sup>209</sup> Men pou ou, sa ka fè on tijan mal, men reponn, “En-en. M pa vle l.” Ou wè? Ou wè? “M pa vle l.”

Y ap di, “Èske w ap vini, nan espektak la avè m aswè a?”

<sup>210</sup> “Non, non. En-en. M pa konn al nan espektak.” Ou wè? Sa ka jis fè on tijan mal. Ou wè?

<sup>211</sup> “O, ou se jis on vye bagay.” Ou pa kwè sa. Sa ka jis on tijan blese. Jis vire tèt nou tounen; se bagay kòrèk pou fè, nou wè. Toujou fè sa, fè sa ki kòrèk la. Trè byen.

<sup>212</sup> Epi kounye a lè ti fi yo ap aprann vye zafè dans balè sa *konsa*, epi yo vle pou nou fè l; di yo, “Non, non.” Piga nou fè sa, ou wè.

<sup>213</sup> “O, ebyen, se anpil plezi.” Pe enpòt kantite plezi sa bay. Nou vle fè sa ki kòrèk, kifè nou toujou fè sa ki jis la. Bon, jis sonje sa kounye a. Nou pap blyie l, pa vre?

<sup>214</sup> Bon, la kisa yo te fè? Lè sa, yo te pran ti bebe a, epi yo te monte anwo la. E ti Arawon te rive, li te di, “Papa, kisa w pral fè ak bebe nou an?”

<sup>215</sup> Li te reponn, “Arawon, chita la sou janm mwen, cheri.” Li te di, “Gade, Arawon. si nou kenbe bebe a, kisa nou pral fè?” [Asanble a di, “Pèdi l.”—Editè a.] “Pèdi l. Men si nou remèt bebe a nan men Sila ki te bannou l lan, kisa n ap fè?” [“Kenbe l.”] “N ap kenbe l.” Se vre.

“Men kijan w pral fè sa, papa?”

<sup>216</sup> “M pa konnen. M pa konn kijan sa pral fèt, men Bondye pral fè l.” Ou wè?

<sup>217</sup> Kidonk apresa yo te mete ti bebe a ladann, epi li te ale *konsa*. Epi men yo ki ta prale la, yo ta pral nan direksyon pòt la. Yo te rive nan pòt la, li te gade nan direksyon *sa* anba lari a, nan lòt direksyon *sa* anba lari a. Pat gen pèsonn, okenn kote, ki t ap vini. Li te di: “Annou wè, Jokebèd. Annou wè, Arawon. Vini, annou wè Miryam. Ann ale.”

<sup>218</sup> Yo te pran ti ach la epi yo te desann bò plant yo sou rivyè a. O, se te byen lontan anvan lajounen. Epi men ti Arawon ki t ap vini, dèyè a la ki t ap kenbe ti Miryam, ti frè ak sè, yo t ap kriye. E podyab ti Jokebèd, li t ap vanse, ap di: “sniff, sniff, sniff, sniff.”

“Ch-ch-ch-ch-ch! Yo t ap veye lari a. Fè atansyon. Ch! Fè atansyon.” To t ap desann lari a. “Ch-ch-ch! Fè atansyon.” Yo t ap pote ti bebe a. Manman a t ap pote ti bebe a, epi—epi papa t ap pote ach la.

<sup>219</sup> Yo te desann nan rivyè a. O, se te yon trè gwo rivyè, apeprè, dezyèm pi gwo rivyè nan mond lan. Alò, se te yon gwo rivyè, rapid, epi jis plen ak gwo vye kwokodil ak kayiman. O, yo te gra. Wouch! Yo te konn ba yo manje tout timoun sa yo. Yo te vrèman gra. Epi—epi manzè te di, Jokebèd te di Amram, mari li, te di, “O, e si kayiman yo te met men sou li? E si kwokodil yo ki la te touche l?”

<sup>220</sup> Li te reponn, “Pa enkyete w. Si jamè yo mete nen yo nan goudwon sa, y ap kouri al lwen, ou wè. Se rezon sa ki fè li santi a, wè. L ap leve nen l anlè,” li te di, “li pap kapab santi chè moun, konsa l ap kouri al lwen. Goudwon sa pral santi tèlman fò ke y ap sove kouri. Tout bagay ap byen. Pa enkyete w.” Kidonk yo... E la yo te depoze, ti ach la. Epi li te di... “Kounye a bay ti bebe a tete.”

<sup>221</sup> Kifè manman an te pran bebe a pou ba l tete, epi li bay bebe a tete pou l te pran ti dejene l, nan maten bonè. Apresa manzè [Frè Branham imite son yon bo—Editè a.] te bo li. E l te di, “Kounye a, Arawon, ou ka bo l.” E Arawon te bo l. E apresa yo te pote l bay Miryam, e li te bo l. Epi manman te bo l, epi, “O,” li te di, “Mwen jis...”

<sup>222</sup> “Bon, ch-ch-ch! Kounye a tandé, nou dwe vin sòlda. Ou wè? Nou dwe vin sòlda. Bon nou tout vle bo l ankò?” Yo tout te bo l ankò, youn apre lòt. Apresa yo te mete l ladann.

<sup>223</sup> E manman te fè koud ti dra a, epi li te mete l sou li, ak yon ti zòrye. Li te mete l ladann. Li te di, “Ti bebe cheri mwen, ke Bondye beni w.”

“Ch-ch-ch! Kounye a, Bondye pral okipe l de sa. Pa enkyete w.”

<sup>224</sup> Li te fèmen ti kouvèti ach la. Epi premye bagay ou konnen, papa te kòmanse retire manto l, retire chemiz li. Men li ki prale, ap sòti nan dlo a.

<sup>225</sup> Kisa nou panse ki t ap pase nan Syèl la, nan moman sa a? Alelouya! Nou konnen, lè gen yon bagay k ap pase anba isit la, gen yon bagay k ap pase Anwo a tou. Amèn! M ka wè Bondye ki leve soti sou Twòn Li, ap vanse, pou di, “Gabriyèl! Gabriyèl! Kote ou?”

Gabriyèl reponn, “Men mwen, Seyè.”

<sup>226</sup> “Vin isit! M pral montre w yon bagay!” Li di, “Noumenm tout Zanj yo vin isit, on minit, M vle montre nou yon bagay. Mwen gen moun ki kwè nan Mwen. Wi, M gen moun ki fè M konfyans. Vin isit, on minit! Li bon pou nou tout, Zanj yo, gade bagay sa a. Gade!”

“Ki kote sa te ye?”

“Jis anba la a. Gade byen.”

“Ya, ya. Ya, mwen wè l.”

<sup>227</sup> “Gade drèt anba la. Nou wè nan kwen raje sa yo—yo—yo la, wozye ak bagay sa yo?”

“Ya.”

“Nou wè la!”

“Kisa sa ye?”

<sup>228</sup> “Gen yon nonm ki gen men l anlè, ajenou, k ap rele M. Gen yon manman k ap kriye, ak de timoun piti k ap kriye. Yo fè M konfyans menm jiska lafen. Gabriyèl, ou sonje lè w te ale a? Ou sonje nonm sa?”

<sup>229</sup> “Wi, mwen te rankontre l nan chanm nan jou nwit sa epi m te pale avè l. En-en.”

<sup>230</sup> “Li toujou fè M konfyans. M gen moun ki kwè M! M gen moun ki pral fè M konfyans jiska lafen!” [Frè Branham frape sou chè a sis fwa—Editè a.] “Èske w wè l? Gade l.”

“Wi, o, èske sa se pa prèv kouraj!”

<sup>231</sup> Papa a ap mache nan dlo a, li kòmanse pouse ti bato a pi lwen.

M ka tande Li k ap di, “Gabriyèl!”

“Wi, Seyè?”

<sup>232</sup> “Rele dimil Zanj sou sèn lan. Bay yo lòd pou mache touswit. Rele lame Syèl la pou yo soti. Voye yo tout sou toude bò, ranp Syèl la, epi plase yo toude bò rivyè Nil la. Mwen bay lòd pou okenn kwokodil pa manyen kago sa! Pa gen anyen k ap touche l! Pa kite menm yon moso bwa pwoche bò kote l.” Alelouya!

<sup>233</sup> Gabriyèl te di: “Sa ap fèt.” O la la! Li te sonnen twonpèt! Dis mil Zanj te vin an ranfò!

“Pilòt la. Ki kote W ap ye, Seyè?”

<sup>234</sup> “M ap nan lòt bout la.” Li toujou nan lòt bout k ap akeyi a. “M pral tann nan lòt bout la. M gen yon objektif. Lè moun yo fè M konfyans, M gen yon bagay, yon objektif; tout bagay va byen pou yo.” Trè byen, Li desann al nan lòt bout la.

<sup>235</sup> Mwen wè Moyiz...oswa ti Arawon ak lòt yo, k ap remonte lari a, ap kriye. “Ch-ch-ch-ch-ch! Atansyon.”

<sup>236</sup> Epi ti Miryam, li te toujou kanpe, ap siveye. Li te di: “O! O!”

<sup>237</sup> Li te di, "Annou wè, Miryam, jou ap leve. Annou wè, kòk yo ap anonse li fè jou. Annou wè, jou ap leve. Annou wè, cheri, ann ale!"

<sup>238</sup> Li te reponn: "O, papa, papa! Tanpri, yon dènye fwa. Kite m jis kanpe, jis kite m veye l epi kite m wè sa k ap pase. M ap tounen lakay apre yon ti tan."

<sup>239</sup> "O," [Frè Branham klake dwèt li—Editè a.] "sa se yon bon lide, Miryam. Li ta ka kòrèk. Jis rete la a epi gade sa k ap pase."

"Trè byen, m ap—m ap siveye l."

<sup>240</sup> "Bon, depeche rantre lakay apre yon ti tan. Jis gade sa k ap pase. Epi vini, ban nou nouvèl, sou sa k ap pase."

"Trè byen, papa." Epi yo ale, yo te oblige fè vit.

<sup>241</sup> Ti Miryam, te kanpe pou ap veye. Premye bagay ou konnen, jou leve. "O, o, o, kisa k ap vin la a? Se—se yon moso bwa. Non. Èske se yon kayiman? O, li fè demi tou."

<sup>242</sup> Ha-ha! Kisa l te wè? Li wè sa anpil moun pa wè. Ou wè? Ti kago sa ta prale, t ap flote la. Yo te panse ke li pa t gen okenn pilòt; yo te panse ke li pa t gen okenn kapitèn. Te gen youn. Yo tout te rasanble toutotou.

<sup>243</sup> Men yon ti kwokodil k ap vini, ki di: "O, gade la!" Men li k ap vini, k ap flote *konsa*. Li pral... O, non. Non, non. Li paka pwoche kago sa.

Men sila ki bay delivrans lan la, liberatè a, twa milyon Jwif ki te bezwen delivre. [Frè Branham frape sou chè a senk fwa—Editè a.] Tout demon nan lanfè yo pa t ka touche l. Li t ap flote desann sou rivyè a, vyep ti ach sa a ki fèt ak goudwon an.

<sup>244</sup> Premye bagay ou konnen, li te antre nan yon toubyion. "O!" Miryam te di: "O! O! Gade sa! Toubyion sa, gade li! Gade l tankou sa!" Premye bagay ou konnen, bripsoukou li te jis soti.

<sup>245</sup> Se konsa sa fèt. Pafwa, nou pran nan yon toubyion, ti bak sa a. Pa enkyete nou. Gen yon Moun k ap veye. "Zanj Bondye yo kanpe bò kot moun ki gen krentif pou Li." Gen dis mil ladan yo an mach ki sou lis la kounye a.

<sup>246</sup> Ti Miryam, desann, li monte sou gwo wòch sa a, epi li te pase anlè l *konsa*. E li kouri desann, li t ap veye sou ach la. Epi li te desann bò la a, epi li te travèse touf wozye sa yo. Apre yon ti tan li te ret kole laba. Li di: "O! O, m ap mande m!"

<sup>247</sup> (Bon, papa l te di l, li te di, "Kounye a, pa kite pèsonn wè w k ap veye sa. Si yon moun vini, jis aji tankou ou pa menm ap gade l, jis kontinye al nan yon lòt dirèksyon. Fè—fè kòm si w pa t ap menm siveye l, jis kontinye wout ou." "Dakò," li te reponn.)

<sup>248</sup> Li te kontinye mache sou riv lan. Sa te vin kwense. Premye bagay ou konnen, men on gwoup pechè pwason ki te parèt. Epi li jis aji kòm si li se jis yon ti fi k ap mache desann. Apeprè, vè dizè nan jounen an kounye a, ou konnen, la li jis te kontinye mache

desann bò rivyè a. E li te kontinye ap gade dèyè, sou kote, pou wè ki kote li t ap dirije l.

<sup>249</sup> Apre yon ti tan li pase bò yon lòt gwoup. Li jis kontinye ap swiv; li ale on tijan pi lwen. Li kontinye ale, ale on tijan pi lwen.

<sup>250</sup> Apre yon ti tan li rive devan yon gwo tonton mi. “O la la, sa pral pase antre dèyè mi sa a!” Kisa l ka fè? Li pa konn kisa pou l fè. Kifè li pat ka pase sou tèt mi an, konsa li jis antre nan dlo a pou janbe l *konsa*, epi li grenpe anlè tèt la. Li rive lòtbò a, e li kontinye ap maché.

<sup>251</sup> Premye bagay ou konnen, li te nan yon bèl jaden. Flè yo t ap fleri toupatou, epi sa tèlman bèl. Kounye a, tande jis yon moman. Bon, gade, ti fi yo. Bèl flè, epi, o, tout pye bwa yo te byen taye. Sa te parèt tèlman bèl! Se te yon pak. “O,” li te di, “gade la, gade sa! O, la la! Mwen nan pak palè a, palè Farawon an, nan pak la. Kisa m pral fè la? Si jamè yo kenbe m isit la, o, la la, kisa y ap fè m?”

<sup>252</sup> E li t ap gade. Men ti ach la ki te ale, e li te on jan rete laba nan dlo a, e li te kòmanse ap flote, soti nan dlo a. M ap mande m poukisa. Epi li te tande yon moun ap pale. Li te glise kò l anba touf pyebwa yo. Li te chita, e li t ap gade lwen *konsa*, nou konnen, ti Miryam te kòmanse ap gade lwen, pou wè li.

<sup>253</sup> Premye bagay ou konnen, men kèk gwo mesye po fonse k ap pote yon chapito *konsa*. Epi sèvant yo t ap swiv yo, e yo t ap chante. Epi men yon fanm k ap vini, e li te gen yon gwo bando annò toutotou tèt li, avèk yon gwo koulev ak bouch li louvri (*konsa*) devan sa. Epi li se yon bèl fanm, e li desann. Li te gen vrèman bèl rad sou li, ak bagay sa yo. E m tande youn nan sèvant yo ki di: “Majeste, èske w panse ke dlo a pral cho maten an?”

<sup>254</sup> Miryam te di: “‘Majeste’? O, li dwe moun pwòch wa a, kifè mwen oblige rete nan pak la. E si yo kenbe m isit la, kisa yo pral fè avè m?”

<sup>255</sup> Trè byen, li te kontinye ap desann, epi men gwo mesye po fonse sa yo k ap pote poto yo *konsa*, ki vanse toupre dlo a *konsa*, e manzè te retire soulye l. E yon sèvant te gen sévyèt yo, epi lòt yo te gen savon an. Epi li t ap desann pou l pran beny matinal li. Kidonk li desann la e li kòmanse ap—ap pare l pou benyen. Li retire soulye l. Li te di: “M pral tranpe zòtèy mwen nan dlo a pou wè si l pokò cho ankò. O, sa jis bon, jis... Kisa sa ye laba la?”

<sup>256</sup> “O!” Miryam, ti Miryam te di: “O! En-o, li wè ach sa.”

“O,” li te mande, “èske se yon kwokodil?”

<sup>257</sup> Youn nan gwo mesye sa yo reponn: “Jis yon minit, mwen pral wè.” Splash, Splash, Splash, li vanse nan dlo a. Li pran l *konsa*, epi li tounen. Li di: “Majeste!” Li lonje l bay sèvant lan. E sèvant lan pran l, epi li ba li l *konsa*, e li depoze l atè.

<sup>258</sup> Li di: “Kisa li ye? Wouch, li santi! Gen goudwon sou li nèt. Gade la, li gen yon twou anlè tèt la.”

<sup>259</sup> Epi Miryam di: “O! O, men ti frè m lan ki prale! Men ti frè m lan ki prale!”

<sup>260</sup> E la yo louvri l *konsa*. “O, se te yon bebe!” Epi li te kòmanse . . . Ti bebe ki pi bèle nan mond lan! Epi, o, yon Bondye ki ka pèmèt rayi, ka lakòz lanmou; epi tout lanmou Li ka mete nan kè yon moun, lanmou yon manman pou yon timoun, Li te mete l nan kè tifi sa a. E manzè—manzè te di: “Se youn nan Eb- . . . M konn sa li ye. Se poutèt papa m ki pa byen nan tèt li a! Li tèlman mechan! Li te mande pou yo touye tout timoun Ebre yo. Epi youn nan manman sa yo te jis abandone ti bebe l la, ak lespwa pou l abouti kèlkeswa kote a. O, li mechan! Ebyen, li pap touye sa a, paske sa a se pa m.” En-en, nou wè kijan Bondye ap fè bagay yo?

<sup>261</sup> Manzè te pran l, epi [Frè Branham imite son yon bo—Editè a.] li bo l. Epi bebe a te kriye. E lè l te kriye, li te jis adousi kè l. Li te di: “Podyab ti bagay la.” Li te di, “m ap pran l epi m ap rele l . . . M ap ba li yon non.” E men ki kote li te jwenn non l.

<sup>262</sup> Kijan li te rele? [Asanble a di, “Moyiz.”—Editè a.] Moyiz. Epi Moyiz vle di “ki te soti nan dlo.” Wè?

<sup>263</sup> Li te di, “Kounye a m ap rele l Moyiz, e li va pwòp pitit mwen. M ap kenbe l. Men la,” li te di, “men m se yon jèn fi, m paka ba l tete. Mwen—mwen—mwen pa gen okenn mwayen pou ba l manje.” Epòk sa, yo pa t gen boutèy ak bagay sa yo. Fanm pa t konn fimen sigarèt jan y ap fè kounye a, nou wè, pou anpwazonnen tèt yo. Alò li te di, “Ebyen, si nou konn yon . . .” Li te di, “Kisa—kisa m ap fè?” Kidonk li te di, “Mwen . . .”

<sup>264</sup> Youn nan yo te di, “M ap di w, majeste, m ap jwenn yon nouris pou bebe w la.”

“O,” li te di, “sa bon anpil.” Ti . . .

<sup>265</sup> Yon bagay te pale, yon Anj te kanpe la nan touf pyebwa a, li te di, “Miryam, men chans ou! Men chans ou!” Ti Miryam te kouri soti. Li te di, “Pa di anyen kounye a, pa rakonte anyen. Soti epi di ou pral ‘jwenn yon nouris,’ epi al chache manman w.”

Dakò, konsa manzè te di sa. Li te di: “Majeste!”

<sup>266</sup> Bon, nòmalman, li ta dwe mande, “Kisa w ap fè la?” Men, ou wè, Bondye t ap ranje tout bagay nèt. Kouman? Li te gen dimil Zanj prè. Ou wè? Pwogram Li pral reyalize. Li te gen dimil Zanj ki te kanpe la.

<sup>267</sup> Se konsa premye bagay ou konnen, li te di, “Ma . . .”

Li te reponn, “Wi, ti cheri, kisa w ap fè la?”

<sup>268</sup> Li te reponn, “Mwen jis wè w avèk bebe a.” Li te di, “mwen konn ki kote ki gen yon bon manman ki taka pran swen bebe w la pou ou.”

<sup>269</sup> Li te di, “Al chache l, epi di l m ap ba li twasan dola pa semèn pou l pran swen bebe sa a, epi m ap ba l yon gwo chanm nan

palè a. Epi si w konn kote ki gen yon fanm Ebre, ki se yon nouris, ki ka nouri bebe sa a, sa se bebe pa m.”

Li te reponn, “Wi, majeste, m ap jwenn youn pou ou.”

<sup>270</sup> Li te di, “Kounye a, tann on minit! Anvan ou antre nan chato a, ou dwe gen on modpas. Ou wè, ou pa konn modpas la. Chak jou nou gen yon modpas. Bon, modpas la jodi a, ou konn kisa l ye? ‘Yon fouch ak yon pil zèb fwen.’” Li te di, “Se sa ou dwe di pou w pase pòtay la.”

<sup>271</sup> Alò ti Miryam te kouri desann lakay, osi vit ke l te kapab, li te sote tèt mi an, desann nan lari a, epi li te desann chemen *sa a*, epi direksyon *sa a*, osi vit ke l te kapab. Li te kouri antre nan kay la.

<sup>272</sup> E—e Amram te apèn antre, ak Jokebèd. Epi, o, yo te tris, ap mande sa k ap pase. Manzè t ap di, “Podyab bebe m lan! Podyab bebe m lan!” Lì . . .

<sup>273</sup> Li te di, “Kounye a, tandé byen.” Li te di, “M fèk sot pase la nan lari a, epi podyab manman sa te lakoz tout moun kanpe tout jouen an. Yo te vin nan katye sa a maten an, e yo te eklate tèt tout bebe ki te gen nan katye a.” Epi li te rakonte “Kijan yo t ap rele epi kriye! Bon, ou pa konnen, ke bebe w la, kèlkeswa kote l ye a. Kote bebe nou ye, Bondye ap pran swen l.”

<sup>274</sup> Jis nan moman sa yon bagay t ale . . . [Frè Branham frape kat fwa sou chè a—Editè a.] “O! O! Men yo, yo nan pòt la kounye a.” Alò, yo te ale epi yo te gade. Non, se pat yo menm. Se te Miryam.

<sup>275</sup> Li te di, “O! O, Miryam! Antre, cheri! Kisa k rive bebe a?”

Li te reponn, “Manman, m tèlman grangou.”

Li te di, “Men kisa k rive bebe a?”

<sup>276</sup> Li te di, “M ap mouri grangou, manman.” Li te di, “O, louwanj pou Seyè a! Alelouya! Map mouri grangou, manman.”

Li te mande, “Men kisa k rive bebe a?”

<sup>277</sup> Li te reponn, “Manman, m tèlman grangou ke m ka manje tout sa k nan kay la.”

<sup>278</sup> Li te di, “Nou pral ba w yon bagay pou manje, men kisa k te rive bebe a?” [Frè Branham frape sou chè a twa fwa—Editè a.]

<sup>279</sup> Li te reponn, “O, bebe a kòrèk, manman. Banm yon bagay pou m manje. O, m tèlman kontan!”

“Men, kisa k te rive l?”

<sup>280</sup> “Ebyen, ban m on bagay pou m manje, m ap mouri grangou.” Èskè nou ka imajine sa?

<sup>281</sup> Li te di, “Miryam! Se manman w ak papa w. Kote bebe a?” [Frè Branham te frape sou chè a twa fwa—Editè a.]

<sup>282</sup> Li te reponn, “Manman, mwen di w li. Bebe a, mwen wè li, e sa kòrèk. Kounye a, manman, ban m yon bagay pou m manje; m ap mouri grangou. Ou konnen, mwen—mwen jis ap mouri

grangou.” Menm jan nou ye lè nou tounen lakay sot lekòl, nou konnen; o, nou dwe jwenn on bagay.

Kifè, li te pati al pare yon sandwich pou li. Li te di, “Kounye a rakonte m.”

<sup>283</sup> E li t ap fè: “Miam, miam, miam,” ap manje, nou konnen, konsa. Li te di, “Manman?”

Li te reponn, “Wi, men kisa k te rive bebe a?”

<sup>284</sup> “Enben,” li te di, “manman . . .” Li te rakonte l istwa a. E li te di, “Manman, al pran pi bèl rad ou yo, epi ranpli valiz ou, paske ou pral pran swen bebe a.” O! O! O!

“Kisa?”

<sup>285</sup> Si w pèdi l, w ap jwenn li ankò. Pa vre? Si w kenbe l, w ap pèdi l. Si nou bay li, pèdi l, n ap jwenn li. Èske se vre?

<sup>286</sup> Epi ti Miryam te fin manje. Li te di, “Wi.” Li te di, “Ou pral nan palè a jodi a. Epi non sèlman sa, men ou pral, resevwa, w ap resevwa twasan dola pa semèn, epi pi bon chanm nan peyi a, pou pran swen pwòp bebe w.”

<sup>287</sup> Se premye fwa nan tout listwa mond lan ke yo te janm peye yon manman pou pran swen pwòp bebe l. Nou wè kijan Bondye fè sa? [Frè Branham bat men l twa fwa—Editè a.] Alelouya! Pran swen pwòp bebe l, epi resevwa twasan dola pa semèn pou fè sa, ak pi bon chanm nan peyi a. Bondye konn fè dè bagay, pa vre? Èske sa vo lapèn pou priye? [Asanble a di: “Wi.”] Èske li bon pou priye? [“Amèn.”]

<sup>288</sup> Konsa, manzè te prepare ti valiz li. N ap depeche nou kounye a, nou pral fini jis nan yon minit. Kifè nou. . . Li te prepare valiz li, e li t ap desann sou wout la, osi vit ke l te kapab. E premye bagay ou konnen, li te rive; yon gwo vye gad te kanpe la ak gwo tonton lans li, te mande, “Kimoun ki la?”

Li te reponn, “Yon fouch ak yon pil zèb fwen.”

“Pase.” Ou wè kijan Bondye fè bagay yo?

<sup>289</sup> Li te rive devan pwochen gad la. La li te rale epe l, li te mande, “Kimoun ou ye? Kimoun ki la?”

Li te reponn, “Yon fouch ak yon pil zèb fwen.”

Li di: “Pase.” Oh la la! Ou wè ki jan Bondye fè bagay yo?

<sup>290</sup> Li te monte, li te gade toupatou nan palè a; li te kòmanse monte, epi tout moun pwòch wa a te soti, ap rale epe yo. “Kimoun ki la?”

Li te reponn, “Yon fouch ak yon pil zèb fwen.”

“Ou mèt pase.”

<sup>291</sup> Premye bagay ou konnen, yon nonm te soti, li te di, “Èske w se ti dam ke majeste a ap tann lan?”

“Wi.”

<sup>292</sup> “Epi èske se nouris pou bebe yo te jwenn maten an?”

“Wi.”

<sup>293</sup> Li te di, “Ebyen, fè l antre.” Konsa manzè te mennen ti bebe a... oswa fè manman an antre.

<sup>294</sup> Epi—epi ti—ti prensès la te mache soti, e li te mande, “Èske w konn kichòy sou bebe?”

Li te reponn, “Wi, majeste.”

Li te di, “Gade bebe sa a. Èske l pa bèl?”

“Wi, majeste. Wi.”

Li te di, “Èske w konn kijan pou pran swen yon bebe?”

“Wi, majeste. Sèten.”

<sup>295</sup> “Ebyen,” yo te di, “M pral ba w, salè ou se, twasan dola pa semèn.” Hmm! Èske Bondye pa bon? E li te di, “Epi ou gen pi bon chanm nan palè a, epi manje w ap vin jwenn ou. Ou p ap menm bezwen soti pou kwit pwòp manje w.” Li te di, “Bon, men bebe a, fè atansyon. Pa chape l.”

“O, pa fatige w, m pap fè sa. Pa fatige w, m pap chape l.”

“W ap ba l pi bon swen.”

<sup>296</sup> “Pa fatige w, m ap fè sa. L ap jwenn pi bon swen.” Sèten, se te pa l, ou wè. “M ap ba l pi bon swen.”

“Ou wè se yon bèl bebe?”

“Trè bèl,” li te reponn.

“Trè byen.”

<sup>297</sup> Pòt la te fèmen, sou Miryam, ak manman l, epi ti Moyiz. E li lè pòt la te fèmen, li te gade toupatou. Li te di: “Tss-tss-tss! E li panse ke ou se bebe *li*. Ha-ha-ha-ha-ha!” O, la la! Li te karese l.

<sup>298</sup> Kisa l te fè? Li... Si l te kenbe l, kisa l t ap fè? [Asanble a di: “Pèdi l.”—Editè a.] Paske, li te remèt li bay Sila Ki te ba li l la, e li te (kisa?) te jwenn li, e li ka kenbe l. Kounye a, kisa k ap pase si nou pèdi... Si nou kenbe namn nou, kisa k ap pase? [“N ap pèdi l.”] N ap pèdi l. Epi si nou remèt li bay Sila Ki te ban nou l lan, kisa k ap rive? [“N ap kenbe l.”] N ap kenbe l. Èske se vre?

<sup>299</sup> Konbyen nan nou ki ta renmen vin bò lotèl la pou priye? Èske nou ta renmen fè sa? Èske nou ta renmen ke Jezi pran swen nou menm jan L te fè pou yo, ti bebe sa? Kijan... An nou tout, timoun piti yo, rasanble toutotou lotèl la isit la kounye a. Èske n ap fè l? Vini toutotou, mete nou ajenou toutotou lotèl la. Annou priye, nou tout. Tout timoun piti yo vin isit la kounye a. Èske nou te renmen istwa mwen an sou sa a? [Asanble a di: “Wi.”—Editè a.] Èske nou te renmen sa? Trè byen, kounye a vini vit toutotou lotèl la. Vini kounye a. Nou tout timoun piti yo vini, mete nou ajenou toutotou lotèl la, jis mete nou ajenou drèt la—la sou lotèl la. Se sa. Nou tout ti piti yo dèyè a, vin isit la kounye a, nou pral priye. Trè

byen. Nou vle vini epi priye. Vini epi mete nou ajenou toutotou lotèl la. Se byen. Kounye a, se byen. Se jis trè byen.

<sup>300</sup> Kounye a, manman yo, nou vle vini, tou, ak papa yo, nou tout vle mete nou ajenou nan pasaj la?

<sup>301</sup> Timoun piti yo m vle mande nou yon bagay la kounye a. Gade. Èske nou kwè ke Jezi renmen nou menm jan tankou Moyiz? Èske nou kwè ke Zanj yo ap veye sou nou konsa? Bon, Bondye te ba nou yon nanm, èske L pat fè l? Kounye a, si nou kenbe nanm nou, kisa k ap rive l? [Timoun yo reponn, “L ap pèdi.”—Editè a.] N ap pèdi l. Men, si nou remèt Jezi li maten an, lè sa kisa n ap fè? [“Kenbe li.”] N ap—n ap kenbe li. Nou vle sove. Kounye a nou vle sove nanm nou, pa vre? Epi nou vle grandi pou nou vin de vrè manman epi de vrè dam, pa vre; epi de vrè mesye, predikatè, elatriye? Èske nou pa vle fè sa? Kounye a, si nou vle, alò bay Jezi nanm nou. Men fason pou fè li. Nou di, “Chè Jezi, se tout sa m genyen pou m ba Ou, nanm mwen, men Ou menm veye sou mwen menm jan W te fè pou Moyiz la.”

<sup>302</sup> Kounye a, si kèk nan nou ki pi gran vle vini pou mete nou ajenou tou, kèk nan nou menm manman yo, petèt, ke nou ka vle mete nou ajenou isit la maten an. Ebjen, sa louvri pou nou menm, tou. Si nou vle, vini, mete nou ajenou isit la. Se byen. Men yon manman k ap vini avèk ti gason l. Èske yon lòt moun ta vle?

<sup>303</sup> Yon papa, papa, nenpòt nan nou, si nou vle vin yon nonm k ap priye tankou Amram, vini, ajenou, tou.

<sup>304</sup> Manman, si nou vle vin tankou Jokebèd, enben, vini touswit, ajenou tou.

<sup>305</sup> Sèten, se pou tout moun. Paske (Kisa?) nou gen yon nanm, tou. Si nou kenbe l, kisa k ap rive? [Asanble a di: “L ap pèdi.”—Editè a.] L ap pèdi. Men, si nou remèt li bay Sila Ki te bannou l lan, kisa k ap rive? [“L ap sove.”] N ap sove l, pou Lavi san fen an. Se vre. Bon, èske nou vle rasanble toutotou, nou tout ki vle kounye a, epi ann priye avèk ti piti sa yo, epi nou menm, ak tout moun la.

<sup>306</sup> Fèt Manman, se yon jou mèveye. Epi petèt aswè a, m ka chanje sijè pou kontinye aswè a epi di sa manman sa te fè, kijan manman sa te aji. Se li menm ki te edike pitit gason l lan pou mennen tout pèp Izrayèl nan latè pwomiz. Oh, li te yon manman tout bon. Èske li pa t yon manman tout bon? [Timoun yo reponn, “Wi.”—Editè a.] Kounye a, nou gen yon manman tout bon, tou, e yon manman k ap priye pou nou. Limenm te yon papa tout bon. E yon papa k ap priye pou nou. Kounye a nou tout pral priye ansanm, epi mande Jezi pou ede nou.

Frè Neville, èske w vle vini, mete w ajenou avèk nou?

<sup>307</sup> Epi annou tout bese tèt nou, toupatou. Kounye a Sè Gertie . . . [Pyanis la kòmanse jwe Mennen Yo—Editè a.]

<sup>308</sup> Chè Papa nou ki nan Syèl la, ti istwa, senp sa a jodi a, sou epòk lontan pase, kote yon vrè papa ak manman, yon vrè kwayan, te vin jwenn Ou epi yo te adore W. Yo te kwè W. Te gen yon detrès nan peyi a nan epòk sa. E kijan nou ka konnen ke pa gen yon ti Moyiz modèn ki ajenou isit la maten an! Kijan nou ka konnen pa gen yon ti Miryam modèn ki te mete l ajenou isit la maten an tou, pwofetès la!

<sup>309</sup> O Chè Papa, timoun piti sa yo renmen W, e yo vini, yo mete yo ajenou nan pye kwa a, yo rekonèt ke yo gen yon namm ki dwe sove, e yo ba Ou l kounye a. Paske nou jis te li nan Pawòl Ou, "Si nou pèdi l, n ap jwenn li; e si nou kenbe l, n ap pèdi l." Epi, Papa, yo pa vle kenbe namm yo pou yomenm. Yo pa vle viv pou yomenm. Yo vle ba Ou nanm yo, konsa, poutèt yo bay li, yo jwenn Lavi Etènèl. Akòde, akòde l, Seyè.

<sup>310</sup> Beni tout ti gason ak tifi sa yo toutotou lotèl la. Beni manman ak papa yo ki la maten an. O, ke gras emab ak mizèrikòd Ou repoze sou yo tout. Padone nou, Seyè, pou tout peche ak feblès nou yo. Retire maladi nan mitan nou.

<sup>311</sup> Voye Zanj yo! Alelouya! Bondye, Ou menm ki te bay Gabriyèl lòd, epi dimil Zanj te mete yo an mach, Ala gen plis Zanj ki vini lè yo te wè pov timoun sa yo ajenou sou lotèl sa maten an! Toupatou, sou lotèl sa epi nan tout legliz sa, Zanj Bondye yo kanpe. Anj k ap anrejistre a la, ap enskri non yo nan yon Liv. Y ap abandone nanm yo, pou yo ka jwenn li nan Kris! Akòde l, Seyè.

<sup>312</sup> Ke, apati de jodi a, dezòmè, ti vi pa yo vin dous epi enb. Ke yo vin dè timoun obeyisan a paran yo epi a Papa yo ki nan Syèl la, jouk jou Ou va rele yo Lakay. Gide yo nan ti bak pa yo, atravè tout toubiyon. Chak fwa li kwense nan ti touf pyebwa yo, ke Zanj Bondye yo pouse l nan kouran lanmou Bondye a. Akòde l, Seyè. Epi nan fen wout la, ke yo jwenn on Kay ki agreyab, ak manman yo epi moun yo renmen yo lòtbò a nan Laglwa, kote Bondye kanpe nan pòt la pou akeyi yo, jou sa. Akòde l, Papa.

<sup>313</sup> Padone nou tout peche nou yo ak fot nou yo. Epi ede nou apati de jodi a pou nou se pa W annantye. Nou remèt timoun piti sa yo nan men W kounye a. Epi manman sa yo ki avèk yo, Seyè, ke yo vin bon sòt de manman an Jou Fèt dè Mè sa a, moman souvni sa ke yo bay manman yo. Epi ke, apati de jodi a, yo vin pi bon manman. Ke timoun yo vin pi bon timoun. Ke nou tout vin pi bon, Seyè, pou sévi W pi plis. Akòde l, Papa, paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

Kounye a, annou chante yon ti refren.

<sup>314</sup> Èske nou kwè ke Jezi te sove nou? Èske nou vle ke Jezi veye sou nou kounye a, pandan n ap leve kanpe? Leve men w ba Li, konsa kounye a. M vle ke nou vire bò kote papa ak manman, epi yo tout. Vire tounen konsa. Kounye a, gade la, manman ak papa. Nou tout ti fi ak ti gason leve kanpe. Bon, konbyen moun ki aksepte Jezi kòm Sovè nou, epi n ap fè Jezi konfyans apati de

kounye a, pou pran swen nou tankou L te fè pou ti Moyiz, kite nou wè men nou leve. Chak nan nou. Se byen! Kounye a, kisa k rive? Si nou kenbe nanm nou, nou kisa? [Asamble a di: “Pèdi l.”—Editè a.] Pèdi l. Men, si nou bay Jezi li, kisa k ap rive? [“Kenbe l.”] N ap kenbe l. Kounye a, e si Jezi pran nou kounye a maten an? Nou se pwopriyete Jezi kounye a, pa vre? Nou se ti gason ak ti fi Jezi.

<sup>315</sup> Gade timoun sa yo ki kanpe la ak dlo nan je. Ou ka di m Bondye pa konn sa? Amèn. Gason ak fanm demen yo! Leve.

Fè yo antre pou kite jaden peche yo;  
Mennen yo, mennen yo,  
Mennen ti piti yo bay Jezi.

O, *Ala M Renmen Jezi*, kounye a annou wè!

O,

Nou tout.

. . . ala m renmen Jezi,

Annou leve men nou kounye a.

O, ala m renmen Jezi,  
O, ala m renmen Jezi,  
Paske L te renmen m an premye.

<sup>316</sup> Èske sa pa bèl? Kounye a, *Jezi Renmen Timoun Piti Ki Nan Mond Lan*. Ban nou nòt la, sè. Kounye a, nou tout vire bò isit, fas a mwen, nou menm ti fi yo. M vle chante *Jezi Renmen Timoun Piti Ki Nan Mond Lan*. Konbyen moun ki konnen li? Trè byen, annou chante kounye a.

Jezi renmen timoun piti yo,  
Tout timoun ki nan mond lan;  
Wouj ak jòn, nwa ak blan, yo gen valè nan je pa  
L,  
Jezi renmen timoun piti ki nan mond lan.

<sup>317</sup> Bon, nou tout nan lame kounye a. Èske nou te konn sa? Nou konnen ke nou nan lame Bondye a? Bon, gade m byen kounye a. Epi chante l avè m kounye a, paske nou se sòlda kounye a. Èske nou konn sa? Sòlda lakwa! Kounye a, *M Ka Pa Janm Mache* . . . Nou konn sila? Bon. Trè byen, sa fè lontan, m te aprann ansyen kantik lekòl di Dimanch sa a.

M ka pa janm . . .

Kounye a, nou tout avè m. [Frè Branham ap fè mouvman pandan l ap chante *M Nan Lame Seyè A*—Editè a.]

M ka pa janm mache nan enfantri,  
Sou do chwal nan kavalri, tire gwo zam;  
M ka pa janm plane anlè tèt lènmi an,  
Men, m nan lame Seyè a.

M nan lame Seyè a,  
O, m nan lame Seyè a!

Annou wè kounye a. Nou tout ansanm kounye a. Kounye a!

M ka pa janm mache nan enfantri,  
 Sou do chwal kavalri, tire gwo zam;  
 M ka pa janm plane anlè tèt lènmi an,  
 Men, m nan lame Seyè a.

<sup>318</sup> Èske nou kwè ke nou ka chante l pou kont nou? Monte isit la, piti, monte jis isit la. Kounye a, m vle ke nou tout fè menm jès ke m fè yo. Kounye a, vin dèyè lotèl la, isit la. Monte jis isit la. Nou chak, monte jis isit la kote m ye a, ou wè. Vanse isit la; ke pèsonn pa rete devan lotèl la. Monte isit la avè m. Se sa. Byen. Jis *Konsa*. Kounye a, vire *konsa*, gade oditwa sa a, *konsa*. Se sa. M vle montre nou sa bél ti gason ak tifi fè apre ke yo fin konnen Jezi. Kounye a, vini drèt dèyè la, gason ak fi yo. Bon nou . . . Se sa. Kounye a gade lòtbò la.

<sup>319</sup> Bon lè m di, “M ka pa janm mache nan lame,” nou . . . “mache nan enfantri,” noumenm mache, tou. Lè m di, “M ka pa janm sou do chwal kavalri,” nou fè menm jès ke m ap fè. Bon rete on jan lwen mwén, rekile kounye a, fè plas. Rekile, rekile, kounye a nou prè. Bon annou wè, ann chante l. [Frè Branham ak timoun yo ap fè mouvman pandan y ap chante—Editè a.]

M ka pa janm mache nan enfantri, (Gade!)  
 Sou do chwal kavalri, tire gwo zam;  
 M ka pa janm plane anlè tèt lènmi an,  
 Men, m nan lame Seyè a.

O, m nan lame Seyè a,  
 M nan lame Seyè a! (Prè!)

M ka pa janm mache nan enfantri,  
 Sou do chwal kavalri, tire gwo zam;  
 M ka pa janm plane anlè tèt lènmi an,  
 Men, m nan lame Seyè a.

<sup>320</sup> Amèn! Jis rete trankil. Konbyen moun ki renmen sa? Di, “Amèn.”

<sup>321</sup> Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, beni timoun piti sa yo jodi a. Yo se pa W, Seyè. Yo bay vi yo a Oumenm. Yo tande ti istwa Moyiz la epi jan Ou te pwoteje l. Yo tande pale de yon bon manman ak yon bon papa ki te ede yo epi ki te elve yo. E se menm jan an tou timoun piti sa yo gen bon manman ak papa. E m priye, Papa, pou W veye sou yo epi dirije yo nan kouran tan an, e ke Zanj Bondye yo pwoteje yo. Bay . . . E apresa, rete nan lòt bout k ap resevwa a, pou resevwa yo nan dènye jou yo, Seyè, nan Wayòm Ou an. Nou mande l nan Non Kris la. Amèn.

<sup>322</sup> Kounye a, nou ka tounen nan plas nou epi di papa ak manman kijan nou santi nou byen. Amèn.

<sup>323</sup> “Tout jou vwayaj yo, yo te kondwi yo.” (Nou konn sila, tou?)

. . . vwayaj yo, yo te kondwi yo,  
 Nan peyi latè pwomiz, yo te kondwi yo;

Avèk men Seyè a yon gidans sètèn,  
Yo te mennen yo sou rivaj Kanaran an.

Tout moun!

Siy dife pou lannwit,  
Epi siy nwaj pou jounen,  
Ap plane anlè, jis devan,  
Alòske yo sou wout yo,  
Vin yon gid epi yon kondiktè,  
Jouk dezè a fini,  
Paske Seyè, Bondye nou an, nan pwòp tan pa L  
Pral kondwi nou anfen nan limyè a.

<sup>324</sup> Konbyen moun ki malad maten an epi ki vle priyè? Kite nou wè men nou. Kòm nou yon ti jan an reta, petèt ke n ap ranvwaye sèvis gerizon nou an pou aswè a, epi jis ofri yon mo priyè kounye a, paske nou on ti jan ta.

<sup>325</sup> Èske nou te renmen ti istwa a? [Asanble a di, “Amèn!”—Editè a.] Nou panse ke li te bon pou timoun piti yo? [“Amèn!”] Ya. Nou—nou blye yo anpil fwa. Nou pa ta dwe fè sa. Ou wè, m pa janm jwenn chans pou m anseye lekòl di Dimanch, e maten an se te yon moman pou m te pale avèk yo. M pa t vle epwize nou, men m te vle rakonte nou ti istwa sa a.

<sup>326</sup> Sonje, timoun piti yo, sa se pa yon ti istwa ansyen ke nou ka li nenpòt kote. Se Laverite. Sa se Verite! Bondye te fè sa. Epi Li avèk *nou* kounye a. Trè byen.

<sup>327</sup> Ann bese tèt nou kounye a pandan ke n ap chante dousman, dènye chante nou an, “Pran Non Jezi avèk nou, kòm yon bouklye kont tout lènmi.” Trè byen.

Pran Non Jezi avèk nou,  
Timoun nan lapenn ak nan malè. 

56-0513 Ansèyman Sou Moyiz  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indiana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)